Элиза Даўлетмуратова
Алламберген Даўлетмуратов



# Алланияз қаҳарман-адамгершиликтиң жоқарғы шыңы

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РУЎХЫЙ ҮГИТ-НӘСИЯТ ОРАЙЫ

Элиза Даўлетмуратова
Алламберген Даўлетмуратов

# Алланияз қаҳарман-адамгершиликтиң жоқарғы шыңы

**Нөкис-2012**

Э.Даўлетмуратова, А.Даўлетмуратов
«Алланияз қаҳарман-адамгершиликтиң жоқарғы шыңы»
Нөкис-2011ж. 72 бет.

Бул китапта «Өзбекстан Қаҳарманы», «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық муғаллими» Алланияз Өтениязовтың педагогикалық хызмети менен тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери сөз етиледи. Сондай-ақ, оның халыққа ислеген адамгершиликке толы қайыр-сақаўатлы мийнетлерине де көп орын берилген.

Китап жоқары оқыў орынларының студентлерине, сондай-ақ академиялық лицейлер менен кәсип-өнер колледжлери ҳәм улыўма билим бериў мектеплери муғаллимлери, руўхый үгит-нәсият хызметкелериниң күнделикли пайдаланыўы ушын усынылады.

Пикир билдиргенлер:

**Ш.Уснатдинов** - Қарақалпақстан республикасы руўхый үгит-нәсият орайы басшысы, Қарақалпақстанға мийнети сиңген журналист.

Е.Янгабаева - Өзбекстан Педагогикалық ИИИның Қарақалпақстан филиалы директоры, Педагогика илимлери докторы.

У.Пиржанов- Жазыўшы

Жуўаплы редактор: **педагогика илимлериниң докторы профессор. Ө.Әлеўов.**

# КИРИСИЎ

*«Бәршемизге аян, инсан жүрегине жол, ең әўеле, тәлим-тәрбиядан басланады. Соның ушын қашан болмасын бул ҳаққында сөз болса, бабаларымыз қалдырған бийбаҳа мийрасты қәстерлеў менен бирге, ата-аналарымыз қатары биз ушын ең жақын болған және бир уллы инсан - оқытыўшы ҳәм устазлардың жақсы нийет мийнетлерин ҳүрмет пенен тилге аламыз.*

*Ислам Каримов.*

Дүнья әдебиятының классиги, дәўиримиздин уллы жазыўшысы Шыңғыс Айтматовтың туңғыш шығармаларының бири «Дәслепки муғаллим» повести оны әлемге танытты. Қарақалпақ әдебиятының еки байтереги хам Өзбекстан Қаҳарманлары Төлепберген Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повести менен Ибрайым Юсуповтың «Жолдас муғаллим» поэмасы оларды уллылыққа еристирди. Әпиўайы аўыл муғаллими Алланияз Өтениязов өзинин педагогикалық хызметлери ҳәм жоқары адамгершиликли қайыр-сақаўатлы мийнетлери нәтийжесинде «Өзбекстан Қаҳарманы» атағына ийе болыўы елимизде айрықша ўақыялардың бири болды.

Онын жас әўладлардың тәрбиясы бойынша жаңа педагогикалық концепциялар жаратқан мийнетлерине бүгинги күнде оқыўшылардың қызығыўшылығы артып бармақта. Педагог-қаҳарманымыздың бундай табыслы мийнетлеринин нәтийжелерин бүгинги күннин оқыўшыларына бир нешше бөлимлерге бөлип түсиндириўимизге болады.

Алланияз Өтениязовтың педагогикалық хызмети, ондағы тәлим-тәрбиялық ой-пикирлер қарақалпақ халқлық педагогика тарийхында бурын болып көрилмеген дәрежедеги жасларды мийнетке тәрбиялаў мәселесин көтерип шыққан ҳәм улыўма орта билим бериўде тәлим-тәрбия тараўының жетилисиўине өз үлеслерин қосты.

Усылар менен бир қатарда, педагог-қаҳарман заманымыз талап етип турған педагогикалық машқалаларды халықтың мийнет, адамгершилик,

руўхый дәстүрлери тийкарында ҳәзирги заман мектебиниң турмысына тығыз байланыстырып, өзиниң муғаллимшилик тәжирийбесине тийкарланып үйретиў менен бирге, балаларды мийнет тәрбиясы арқалы бәркамал әўлад сыпатында жетилистириў ўазыйпасын ортаға таслайды.

Алланияз Өтениязовтың адамгершиликли ҳәрекетлери оның халыққа, соның ишинде кем тәмийинленген шаңарақларға меҳир-мириўбет, қайыр-сақаўатлық жәрдемин берип, халық педагогикасындағы бул исти өз тәжирийбесинде иске асырды.

Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейинги дәўирде жасларымызды жәмийеттиң ийгилиги ушын жумыс ислеўге тайын турыўлары, басқалар ҳаққында ғамқорлық етиўге үйретиў, олар мүтәж болып қалғанда жәрдем бериў усаған адамгершилик сезимлерди өсириў менен бирге, бәркамал әўладты жетилистириў тийкарларының бири екенлигин өзиниң педагогикалық мийнетлеринде баян еткен.

Ҳақыйқатында да Алланияз Өтениязовтың өмирдеги ҳәм мийнет ислеўдеги тийкарғы ураны бул - билим, мийнет, ҳадаллық арқалы адамлардың бахытқа бөленетуғынлығын халыққа түсиндириў, ал балаларға болса билим менен қоса ҳадаллықты, мийнет етиўди, саўап ислеўди, жақсылыққа жақсылық пенен жуўап қайтарыўды, ақ пенен қараны ажыратыўды, қыйыншылықларды жеңиўди, мәрт ҳәм шыдамлы болыўды нәсият етеди.

Бул китабымыз бизиң пикиримизше қай ўақытта да қыйынлықтан тайсалмаған, мудамы саўап ислерди ислеп, ғәрип-қәсерлерге ғамқорлық етип, қырық еки шаңараққа бийпул жай салып берген, жасларды мийнет арқалы тәрбиялаў концепциясын жетилистириўге үлес қосқан, дүньяға бир келген Устаз, Халық Қахарманы Алланияз Өтениязовтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлерин илимий таллаў жасаўды нәзерде тутқан мийнетлер қатарына киреди деп ойлаймыз. Бул китапты жазыўда Алланияз Өтениязов жөнинде өз дәўиринде басылып шыққан газета, журнал, телевидение, кино ҳәм китапларда шыққан материаллардан, өзи жазып, қалдырған үй архивиндеги «Мениң педагогикалық тәжирийбелерим» атлы 48 бетлик қол жазба дәптеринен өзи менен бирге ислескен заманласлары айтқан пикирлеринен пайдаландық.

# I. АЛЛАНИЯЗ ӨТЕНИЯЗОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ХЫЗМЕТИ

Нөкис мамлекетлик Педагогикалық институтының магистратура бөлимин питкергеннен кейин өзимди оқытқан устазым Алланияз Өтениязов жөнинде илимий тема алғым келди. Оның жас әўладқа тәлим-тәрбия бериўдеги хызметлери, оның минез-қулқы, адамгершилик пазыйлетлери бәри-бәриде маған ҳәм үй ишимизгеде унайтуғын еди. Әсиресе, мениң әкем Алламберген Даўлетмуратов оның досты еди. Өзлеримиз қоңсы отырдық. Екеўи көп сөйлеседи. Ағам оның халыққа ислеген хызметлерин өзиниң «Ҳәр заманға бир заман» китабында «Ең мийрим шәпәәтли инсан» деген тема менен бираз материаллар да берди. Гейде, мен шай апарып жүрип, олардың сөйлескен сөзлерин тыңлап қалатуғын едим.

Соннан баслап менде, келешекте педагок болыўға бул инсанның өмир жолына, ислеген хызметлерине қызығыўшылық пайда болды. Нөкис désinstitut басшыларының көбиси мениң пикиримди қуўатлады. Алланияз Өтениязов жөнинде илимий ис алып барыў кафедра, факультеттеги жыйналысларда ҳәммеге мақул түсти. Ал, оның темасы бойынша тартыслыр болып, ендиги Илимий Кеңеслерге қалдырыла берди. Институт ректоры М.Бердимуратов, академик Ж.Базарбаевтың айтқан темасын мақул көрди. Бундай бир педагог шахстың мийнетин изертлеў бизиң Институт тарийхында еле болмаған екен. Илимий Кеңесте, саған қыйын болады, күшиң жетерме екен, дегенлерде болды. Маған институттың илимий ислери бойынша проректоры Қутлымурат аға Қощанов, Арзы аға Пазылов, Асқар аға Тилегенов, кафедра баслығы Феруза апа Берданова, Исмайыл, Туркменбай ағалар көп жәрдемлерин, ўәсиятларын айтты.

Қутлымурат Қощанов мениң педагок Алланияз Өтениязов бойынша жазып жүрген методикалық қолланбамды көрип атырып, бул жөнинде китап етип жазсаң да болады деди.

Ағам халықтың тарийхы бойынша қызығады.

-Жақсы ис баслап атырсаң қызым. Онда көрейик, Қаҳарман жөниндеги материалларды үйинен, архивлерден таўып жыйна-деди.

Мен бул қолға алған нийетимди Алланияз ағаның өмирлик жолдасы Рысбийке апаға келини Рахимаға  айтып түсиндирдим. Ол атасының чемоданында сақлаўлы қалған айырым хатларды, газеталарды ҳәм сүўретлерин берди. «Көп хатларды, сүўретлерди китап жазаман деп Ҳ.Салықовтың қызы алып кетти. Ертеде бир шайыр апай да ҳәм музей хызметкерлери де бираз хатларын алып кетти. Усы қалғаны, жойтып қойма», деди. Тил хат жазып берип алып келдим. Қалған материалларды топлаўға Республикалық китапхана директоры орынбасары З.Сапарова, Д.Абдижамалова, Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими китапханасы директоры Улмекен Айтымова, Гулбахар Нуратдинова апалар жәрдем берди. Илимий жумыстың барысында Алланияз Өтениязов жөнинде жазылған 58 газета, 3 журнал, 5 китап, 1 кино материал, 20ға жақын фото сүўрет ҳәм 400ден аслам хатларды излеп таўып, олардың копиясын алдым.

Ең соңғы мәрте институттың Илимий Кеңесинде 2010-жылдың 18-январында илимий жумысымды «Алланияз Өтениязовтың педагогикалық хызметлери ҳәм тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери» деген темамды бекитип берди.

Алланияз Өтениязов 1936-жылы Кегейли районының «Байна түбек» әтирапындағы Қазаяқлы аўылында дийхан шаңарағында туўылған. Әкеси Ерниязов Өтенияз 1943-жылы Курск дугасындағы қатты саўашта қайтыс болған. Анасы Жумагүл Ерниязова улы Алланияз ҳәм еки кишкене қызлары менен жесир қалады.

Қарақалпақстанға мийнети сиңген аўыл хожалық хызметкери Узақберген Тилеўмуратов аўыллас досты Алланияз аға жөнинде мениң ағам екеўимизге төмендеги гүрриңлерди айтып берди. Бизлер сол Қазаяқлы аўылда Айназар Қунназаров (Қарақалпақстанға мийнети сиңген саўда хызметкери) Алланияз, Алаўатдин, Жолдасбай, Назарбайлар бәримиз қатар өстик. Бесинши классқа дейин аўылдағы мектепте бирге оқыдық. Мектеп директоры Бекмурат аға еди. Сонда колхоздың аты К.Маркс, баслығы Төлек аға еди. Булардың бәри де бизлердиң оқыўларымызға, мектепке көп жәрдем берер еди. Енди олар қайтыс болды, жатқан жери жайлы болғай жақсы адамлар еди. Алланияздың әкеси Өтенияз, атасы Мамыт ағаны да көрдим. Мамыт аға, Кегейли каналында дарғашы болып иследи. Халқабад

пенен Мақсым қаланы кеме арқалы байланыстырып турды. Өтенияз аға урыста қаза болып қалды. Өтенияздың әкеси Ернияз, Ернияздың әкеси Сейтнияз ахун деп айтысатуғын еди. Мамыт атамнан Айтнияз, Байнияз ҳәм Тилеўмурат ҳажылар туўылды. Айтниязов Аўезхан, Өзбекстанға белгили спортшы болды, Қарақалпақстанға мийнети сиңген маденият хызметкери. Өзи шайыр, қосық та жазады. Бизлердиң балалығымыз урыс жылларына туўра келди. Сабақтан кейин колхоз жумысына барамыз. Кегейли арнасы аўылға жақын. Жазда ҳәмме балалар суўға шомыламыз, қыста сырғанақ тебемиз. Байна түбекте суў, қамыс бар. Адамлар балық аўлайды. Бир жағы ҳарлап турған Кегейли арнасы, бир жағы көл, пишензарлық, бир жағы егин- пахтазарлық, аўыл гөззал тәбиятқа ийе еди. Аўылдың күн шығар бети Аққесек баба әўлийешилиги дүт тоғайлық. Усы бизиң аўылдан еки Қаҳарман Алланияз бенен Үсенбай Балтаниязов шықты. Айтып өткенимиздей: мәмлекетлик искерлер, Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeният хызметкерлери С.Хожаниязов ҳәм С.Әўезовалар айта берсең белгили хызметкерлер бизиң аўылдан көплеп табылады. Кегейли арнасынан бизлер бала гезимизде үлкен айдарлы кеме, ушан кемелер толы жүк алып өтеди. Жүклер Кегейли районы ушын Қары ийшанның көпири жанындағы базға түсириледи. Ол, аўылға онша алыс емес. Дән, ун, азық-аўқат затлар, қурылыс материаллар, малдың жемлери келеди, олар ашық жерде үйилип туратуғын еди. Ал бул жерден көбинесе пахта, тери, май ҳ.т.басқа затлар өрге қарап кемеге тийелип кетеди. Кемелер Шымбайға дейин барады. Ол ўақытлары машын жетиспейди. Кеме менен бирге Хийўадан, Төрткүлден саудагерлер жүзим, ғоза, ерик әкелип сатады. Алып келген маймыллары да бар. Соны ойнатып адамлардан пул алады. Соны қызық көрип, бизлер аўыл балалары көриўге барамыз. Кемелер ыққа қарап өзи ағыс пенен жүзип келе береди. Ал өрге қарай жүргизиў қыйын. Кемеге жуўан арқан байлап, онбес жигирма адам қырда арнаның жағасынан өрге қарап ийнине салып тартып жүреди. Оны салдаўшылар деп атайды. Бизлер де қызық көрип, тартысып жәрдем етемиз. Сонда Алланияз шалбарым жыртылып қалмасын деп балтырына дейин түрип жантақ, шеңгел болсада басып өтип соларға жәрдемлесетуғын еди. Сонда балтыры, дизелери тырналып қанап кетеди. Өзи жалаң аяқта жүреди. Хожалығы дым төменлеп қалды. Бизлер оған не қыласаң тартпа дейтуғын едик. Ол жүдә ақ көкирек

ҳәммеге жәрдем бергиси келеди. Ол бесинши класста дайы журты Куйбышев атындағы колхозға көшип кетти. Сол аўылда оныншы классты питкерип соң, ол пединститутты оқып питкерди. Оның минез-қулқында үлкен өзгерислер жүз берди. Бәриде турмысқа, күн-көриске байланыслы деп ойлайман. Ол ғәрип-қәсерлерге қәўендерлик ислеўди жай салып бериўди жақсы көрди. Оның жумыстан ҳеш қолы тиймеди, бизлер мененде онша қатнаспады. Тек бир мәрте ядымда, қоңсысының баласын үйлендирейин деп бағып қойған жалғыз қашары урланып, бир жылға дейин табылмаған. Сол жөнинде жаңағы қоңсы ғаррысын жетеклеп өзи фронтовик екен, мениң кабинетиме келипти. Милициялар оның паспортлары болмаған соң ишке киргизбеген. Мен сонда 1963-жылы Қарақалпақстан Ишки Ислер Министри болып ислеп атыр едим. Аўызда нәўбетши менен қатты айтысып, мениң достым ҳәм ағайиним, неге киргизбейсиз, деп шаўқым шығарып атырғанын айтып келди. Барып, сәлемлесип, екеўин де кабинетке әкелип, бираз сөйлесип отырдық. Соңында қыйыншылық пенен оның жумысын питкердим. Ол ҳеш ўақта биреўден өзи ушын бир нәрсе сорамайды. Досты Айназар да көп жыл Республикалық тутыныўшылар жәмийетиниң баслығы болып иследи. Өзиниң хожалығында ебиндей күн-көриси бар. Айназарғада күйеўи урыста қаза тапқан, картайған бир кемпирдиң баласын үйлендириўге тойына керек нәрселерге жәрдем бер деп оны ертип апарған. Айназарда жәрдем берип жиберген» - деди Узақберген аға.

X X X

Аллanияз Өтениязов 1949-жылы аўылда күн-көриси қыйын болып, дайы журты, ҳәзирги Нөкис районы Узынкөл аўылына көшип келеди. Нөкис қаласындағы Пушкин атындағы мектепте оқыйды. Күн-көриси ушын еки жылдай падашы болып мал баққан. Бул аўыл бурынғы Куйбышев атындағы қалаға жақын. Мийўе, палыз егинлерин егип, қала халқын тәмийинлеп турған. Мектептен соң қапшық толы қаўын, картошка арқалап Нөкис базарына апаратуғын еди. Оны анасы сатып пул етип күн кеширди.

1958-жыл Нөкис мамлекетлик педагогикалық институтының шет тиллер факультетине оқыўға киреди. 1962-жылы усы институтты тамамлап,

аўылдағы №4-Куйбышев атындағы орта мектепте муғаллим болып ислей баслады. Студент ўақтында да, муғаллим болып ислеп жүргенде де, пахта теримлерине белсенди қатнасты. Колхозда жасларға басшылық етип мәкке екти. Жәмийетлик жумысларға белсене қатнасып, ел журттың ҳәм республика басшыларының көзине түсти. Ол мийнет дем алысы ўақтында ғәрип-қәсерлерге, урыс-ветеранларына жай салып қайырқомлық ислер етти.

Амет ата усы аўылда көп жыллар мектепке директор болды. Оның кемпири Амина апа былай еслейди:

«Қайын атам Қалнияз Алланиязды Түбек деген жерден көширип әкелди. Атам колхозда мурап болып иследи. Анасы Жумагүл атамның қарындаслары еди. Ол шыпта тоқып сатады екен. Жүдә кәмбағал болған. Бир күни атам оны көрип қалып: Қәне Алланияз мына бел менен бир бел ылайды ат шаманды көрейик,-деди. Сонда өлшеп көрсек 10 адым шықты. -Түпәлем, өзинди-өзиң асырайды екенсең балам,- деди атам.

Оның педагогикалық мийнетлери жөнинде сорап билип алайын деп өзим оқыған усы №4-орта мектептиң бурынғы директоры Қалжан апа Қалбаеваға бардым. Қалжан апа болса -Кел, қызым Элиза оқыўларың қалай магистратураны питкердиңбе? -деп сорап атыр.

-Қалжан апа мен аспирантураға кирдим. Муғаллимим Алланияз аға Өтениязов жөнинде илимий жумыс баслайын деп диссертация темасын алдым. Институт ректораты жақсы тема алыпсаң, деп Илимий Кеңесте бекитти-дедим.

-Оң болсын қызым. Саўап исти баслапсаң. Сени билемен жақсы оқыдың. Алланияз аға жөнинде мен саған көп нәрселер айтып беремен-деди.

-Сол жумыс пенен келип едим. Көп жыллар бирге ислестиңиз. Бирге бир аўылда жасайсыз. Алланияз аға жөнинде билгенлериңизди айтып берсеңиз - дедим.

-Аўа мектепте қырық жылдай бирге ислестик. Оның биреў менен ашыўласып, бақырысып сөйлескенин еситпедим. Оғада кең пейил инсан еди. Жүргенде басын сәл төмен алып жүреди. Жүдә киши пейил, менменлиги жоқ. Ҳешкимниң кеўлин жықпайды. Әсиресе балаларды

жанындай жақсы көреди ҳәм жақсы оқытты. Мен оны устазым деп ҳүрмет етемен.

Бурынғы мектебимиздиң директоры Амет аға Қалниязов пенен жақсы ислести. Ол искер басшы болды. Соның ўақтында мектеп еки этажлы типовой жайлы болдық. Көп нәрселерди екеўи ойласатуғын еди. Алланияз аға өзиниң мийнетиниң арқасында сол жыллары мәмлекет тәрепинен берилген орден-медалларды ҳәм атақларды изли-изинен алып жүрди. Республикамызда, районда оның абыройы асты. Алланияз аға мектепке керекли нәрселерди тартынбай район яки республика басшыларына барып шешип қайтатуғын еди. Алланияз ағаның басламаларын қуўатлап, Амет аға оның ҳүжжетлерин толтырып жоқары жаққа усыныс етип жүрди. Алланияз ағаны ҳәмме муғаллим коллективте сыйлайтуғын едик. Ол қаҳарман болғанда не деген қуўандық. Оның әсиресе усы мектепте мийнети де тәжирийбеси де көп.

Қырық жыл муғаллим болсанда қырық бес минутлық сабаққа ис планын жазып, көрсетпе қуралларынды алып классқа таярланып кириўиң керек, дейтуғын еди. Өзи мектепте англичан тилинен сабақ береди. Көргизбе қуралларын өзи батман қағазға қолдан сүўретлерин салып, астына ири ҳәриплер менен англичанша жазып қояды. Соны қолына орап алып жүреди. Дым мийнеткеш. Сүўретти де өзи салады. Өзиң Алланияз ағада оқыдыңба? - Мени англичан тилинен Алланияз ағаның қызы Улбосын апа оқытты, аўа сүўретлерин көрдим, дедим.

-Отырған жайының бир қапталын толтырып пахтаның сүўретин салып қойыпты деди Қалжан апа.

Ол мийнет дем алысында урыс ветеранларына, әменгери жоқ ғәрип-қәсерлерге, майыпларға пулсыз жай салып берди. Колхоз ҳәм совхоздың пахта теримине жәрдем етти. «Мийнет бахыт келтиреди» деген темада класстың шетинен газета-журналлардан Алланияз аға жөниндеги мақалаларды сүўретлерди, отыздан аслам адамларға жай салып берген плакатын илдирип, методикалық мүйеш ашып қойдық.

Ерте ўақытта англичан тилинде муғаллим жетиспейтуғын еди. Сонда ол үш мектепке сабақ берип жүрди. Тельман ҳәм Абай мектеплери бизден төрт ҳәм алты шақырым алыста жайласқан. Азанғы саат алтыда турып, сол мектеплерге барып сабағын өтип ҳәм усы мектебимизгеде үлгеретуғын еди.

Ҳеш сабақтан қалдырған емес. Сонда туфлилерин шаң басып шыйқ-шыйқ етип жүрип келеди. Мектептиң кирер аўзында шаңларын тазалап атырғанын көретуғын едик.

«Жеткиншек» газетасында «Жақсының жақсысын айт кеўли тассын» деген темада Алланияз ағаның жасларды тәрбиялаўдағы педагогикалық мийнетлери жөнинде мақалам шықты. Соң өзим оқытатуғын 9б- класс оқыўшыларынан «Адам бахты - мийнет» деген еркин темада жазба жумысын алдым. Оқыўшылардың дерлик көбиси Алланияз Өтениязовты бас қаҳарман етип алыпты. Ең соңында мийрим-шәпәәтли инсан, досқа меҳрибан, душпанға қатал устазымызға саў-саламатлық ҳәм еледе табыслар тиледик.

Алланияз аға бир ўақытлары  колхоздан қырық гектар жер алып баслама көтерип мәкке екти. Мәкке деген сондай болық болды. Ҳәмме районлардан келип көрди. Енди сол мәккениң бизиң оқыўшылар отағын алды. Муғаллимлерди районнан тәртип деп мәкке суўғарыўға қойды. Бир ўақытлары Алланияз аға Тельман бөлимине ҳәм Хожан аўылдан мектеплер салды. Оғанда Районлық Халық билимлендириў бөлими бизлерге жәрдем бериң дейди. Усындай жумысларға муғаллимлердиң айырымлары расын айтқанда қыйналады. Алланияз ағаға тынышыңа жүрсеңо, ҳүкимет барғо, өзи салып береди, дегенлерде болды. Бирақ бул инсанның кеўли дәрьядай кең. Оған айтыспайды. «Жас өспирим» балаларым ушын өзим ислеп беремен. Қыйналсаңыз бармай-ақ қойың деп жумысын ислей береди, деди- Қалжан апа. Мектептиң ҳәзирги директоры А.Сайыпова да Алланияз муғаллим ҳаққында жақсы пикирлер айтты. - Ол устаз бенен мен азырақ ислесип қалдым. Ол пенсияға шығып, фермер хожалығын ашып, адамгершиликтиң бағын дөретип кетти. Мен Сизге оның муғаллимлер менен түскен сүўретлерин табыўға жәрдем етейин,-деди.

Атамурат Даўлетмуратов Нөкис районында үлкен лаўазымларда иследи. Көп жыллар Райкомның екинши хаткери, райсполкомның орынбасары, совхоз директоры болып иследи. Ол Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeният хызметкери, ал ҳәзир Нөкис районында «Нураный қоры» баслығы ўазыйпасында ислеп атыр. Ол Алланияз Өтениязовты ең жақын таныйтуғын басшылардың бири. Ол мыналарды айтып берди.

Алланияз Өтениязовты 1972-жылы усы районға райкомның екинши хаткери болып келгенимнен баслап таныйман. Көп жыллар муғаллим болып иследи. Онының басқа адамлардан жүрис турысы, иси, сөйлеген сөзи, қәлби, қәўмети ҳәм ой-пикири менен ажыралып турады. Ол жас жигит ўақтында жүдә формалы сулыў жигит болды. Ҳәр ўақлары сол мектепке барғанымда ол өзиниң ой-пикирин тартынбай айта алатуғын муғаллим еди.

Сол ўақытлары ол муғаллимшилик пенен қосып дийханшылықта екти. Совхоздың директоры Р.Ерланов пенен сол бөлимнен өтип баратырсақ, Алланияз аға шалшаға қый салып арқалап жерге төгин төгип жүр екен. Машынды тоқтатып сәлемлестик. Сонда Р.Ерланов:

-Не қыласаң өзинди бүйтип азапқа салып, складқа азот келсе беремен-ғо,- деди.

-Азоттың күши басқа, бунның күши өз алдына иним-деди.

-Арба я тачка жоқпа. Арқалаған деген ерсиғо-деди Р.Ерланов.

-Арба жоқ, тачкаға салсаң шеллер бар, жүре алмайсаң. Ең аңсаты шалша. Қалта болса оған және бир адам оның аўзын ашып турыў керек-деди ол. Сонда оның ҳәр арқалағаны 2-3 қалта келеди-аў деп ойладым.

-Қыйларыңызды бир жерге жыйнап қойсаң, совхоздан трактор берип аларсаң дедим, мен Ерлановқа.

-Болады. Кеште 3-4 рейске трактор тележкасы менен жиберемен, деп ўәде етти совхоз директоры.

Сол жыллары республикамызда комсомол жаслар бригадасы болып, аўыл-хожалық егинлерине тәрбия берип турды. Оны сол ўақыттағы Қарақалпақстан областлық комсомол комитетиниң биринши секретары С.Қаниязов районларға жыйналысларға алып кетип жүрди. Мен сизлерге қанша гербишлер қуйғанын, қанша ғәрип-қәсер адамларға бийпул жай салып бергенлерине тоқтамаяқ қояйын. Мен оның менен бирге ислескен «Сақаўат» фермер хожалығындағы мийнетлери жөнинде тоқтап кетейин, деди.

Ол киси енди бағ егип қалдырайын деген пикирди маған келип айтып, районнан жер алып бериўди өтиниш етти. Көп қарсылықлар, қыйыншылықлар болды. Еле республикамыздың «Нураныйлер қоры» тәрепинен бундай хожалық ашылған жоқ еди. Бағ егиледи 5-6 жылда толық өним береди, өнимлерди қайырқомлық мекемелерине арзан баҳада

бериледи, түскен пайдасына трактор, төгин, жанар май, айлық, налогқа төленеди. Аўысқан пайданың 20 проценти районлық «Нураный қоры»на төленеди деп уставына киргиздик. Жер алыў дым қыйын ис. Сол ўақыттағы Қарақалпақстан Аўыл хожалығы министрининң биринши орынбасары Д.Отамбетов: «Жер налогин төлей алarма екен? Налогин ўақтында төлей алмаса ҳүжжет қәлбеки болып көринеди», деп қыйнала берди.

-Төлей алмаса өзим төлеймен. Алланияз ағаңның қандай адам екенин билесең. Өзиң аўылдың баласысаң, деп зордан қол қойдырдым. Сөйтип 1999-жылы «Сақаўат» фермер хожалығын аштық. Алланияз аға баслығы болды. Юридикалық толық мекеме, банкта счеты бар. Қараўында адамлары бар. Жерге алма, ерик, шабдал түрли миййелер ектик. Жақсы өнимдарлы жер алдық. Районлық тоғай хожалығының өртенип кеткен жерлеринен торанғылларды, шеңгеллерди, жыңғылларды өзи барып шапты. Сол бағды өзи қоралады. Не деген нәл тутты. 2001-жылы суўсызлық болды. Сонда ол Қызкеткен каналы түбинен таң сәҳәрден турып арбаға флаглерди суўға толтырып тасып нәллерди суўғарды. Арба табылмай қалса, флагди өзи арқасына салып суў тасыпты. Нәллери аман қалды.

Оның қаҳарман атағын алыўыда қызық болды. Соңғы ўақлары оның ден-саўлығы бурынғыдай бола бермеди. Усы ўақытқа шекем бир курортқа барып көрмеген, кеселханада емленипте көрмеген. Көзи әззилей баслады. Мен оны зорлап Ферғанадағы «Алтарық» санаториясына ҳаялы менен бирге дем алыўға путевка таўып бердим. Сонда дем алып атыр еди. Ташкенттен, Нөкистен ммлекетлик аппараттан оны излеп ҳәкимге қоңыраў ете берипти. Оны ҳәкимде билмейди. Сол ўақыттағы район ҳәкими Б.Муртазаев меннен сорады, тез табыў керек. Тез Нөкиске қайтсын- деди. Мен коммутаторға барып Ферғананы соң «Алтарық» санаториясын алдым. Ол пулым жоқ самалетқа, дейди. Келген соң пулдың есабын табамыз, дедим. Оның үйине келген ўақтын билдир деп сол аўылдағы Дүзелди қараўыл қойдым. Олда келди. Газетадан «Өзбекстан Қаҳарманы» болды деген указда шықты. Ҳәмме район басшылары қутлықлаўға бардық. Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңеси баслығы Т.Камаловта бараман, депти. Үйиниң отырған жерин билесеңғо? Шай-пай шөлкемлестирдик. Үйди көшени тазаладық. Шәйнек-кеса, сүлги, стол, стуллар алдырдық. Жайларына гилемлер қақтық. Мал алдырып, сойдырып

қазанларды атландырдық. Сонда Т.Камалов бир сөз айтты. «Алеке қаҳарман болдың, герой болдың. Енди балларды жумсап ден саўлығыңа қара. Ҳақыйқый қаҳарман болып елдиң ақсақалларының алдында нәсиятынды, пәтиянды жасларға берип жүребергейсең»-деди. Т.Камалов хошласып машынға қарай жүргенде ол «Тимур иним рахмет сизге. Мына гилемлеринди енди алып кете қойсын»-дейди. Оған не дерсең. Ертеңине районға кабинетиме келип салярка керек, бензовоз керек деп келип тур. Буған не дейсең. Әне сондай инсан еди ол.

Енди Алланияз ағаның еккен бағлары толық мийўе бере баслады. Пискен мийўелерин Хожелидеги ҳәм Шымбайдағы «Меҳрибанлық үй»лерине, балалар бағшалары мекемелерине тапсырды. 2006-жылы қыс айында тәғдир оны арамыздан алып кетти. Ҳәзир оның ашып кеткен «Сақаўат» фермер хожалығын баласы Әжинияз басқарып атыр - деди Атамурат аға.

Қоңсым Тайыров Жумабайдың үйине қутлы болсынға келген жоралары Нурылла, Сағыйдан, Қурбан ҳәм Марат ағалар шай ишип отырып, бизиң ағама муғаллими Алланияз аға туўралы төмендегилерди айтып берген.

- Сабаққа кирип келген ўақытта ол балаларға «Гудмонинг» деп сәлемлеседи. Бизлер ҳәммемиз орнымыздан турып «Гудмонинг» деймиз. Кейин муғаллим «Ситаун» дейди. Оның сабағында балалар тыныш отырады. Ол сабаққа кешигип келмейди. Класста тек сабақты сорайды. Журналды барлап болып ол өткен тапсырманы доскаға жазады. Бизлер отырамыз. Ҳәммемиз шуўласып англичанша бир куплет қосық айтамыз. Соң балалардан тапсырманы сорайды.

Бир күни мени доскаға шығарды-дейди Марат. Өткен тапсырманы китаптан оқып ҳәм қарақалпақшалап түсиндирип бер-деди. Мен китаптан оқып ҳәм қарақалпақшасында айтып бердим. Мен китапқа англичан сөзиниң үстине қарақалпақшасында қәлем менен жазып қойып едим. «and» деген жазыўдың үстине «және» балалар дегенге «SHILDREN» ойнайдығо «PLEY». Алланияз аға қасыма келип, маған китабынды берип тур-деди. Не илаж бердим. Сонда ол китапты көрип:

-Қызықсанда, бүйтип жазып қойсаң бизиң Әжекеде оқып береди. Отыр ондай қылма. Сизлер түлки болсаңыз, мен алдыңыздан қасқыр болып

шығаман. Муғаллимди алдамаң-деди. Бир мәрте ең арттағы бала шимишки шағып отыр еди. Алланияз аға, қалтандағы шимишкини шығар деди. Газитке ораўлы екен. Оны Алланияз аға қолына алып:

-Егер тыныш отырмасаң басыңа мөжене шағаман, деп оның басын сыйпап қойып атыр. Бизлер уратуғын шығар, деп ойладық. Звонок болып қайтарда оның шимишкисин үйиңе барып шақ, деп қайтып берди.

Бир мәрте класста диктант алғанда қызық болды-дейди Жумабай. Муғаллим өзи китаптан оқып айтып диктант алып атыр. Бизлер соны дәптерге жазып атырмыз. Англичан тилиниң жазылыўыда қыйынғо. Ол ўақытта парталар топсалы, үстинде қақпағы болатуғын еди. Ашылып жабылады. Иштеги китапты соның жарығынан сығалап шеп қолым менен китапты услап, оң қолым менен китаптан көширип атырман. Алланияз аға сезип қойды. Класстағы ҳәмме китапларды шығарып партаның шетине қойдырды. Мен болсам муғаллимниң көзин алып орнына басқа китапты төңкерип қойып, диктант жаздым. Диктанттан бес аламан-аў, деп жүрип едим. Қайда бес алыў минус үш қойыпты ҳәм мени класста урлап жазыўшы, деп тикейтип қойды.

-Яқ, Алланияз аға ҳеш ўақытта балаларды сызғыш пенен я китап пенен де урмайтуғын еди. Қатты сөз айтып та бақырмайды-деди Нурылла. Ол бәрха нәсийҳат сөз айтатуғын еди. Егер бала тәртипсиз болып артқа қарап сөйлей берсе, муғаллим қасына барып:

-Шеге қаққандай етип басынды берман бурып қояйынба? - деп шапалағын көрсетип енди уратуғын шығар-аў деймиз, урмайды алақаны менен басын сыйпап, былай доскаға қарап отыр, деп кетеди. Класста Жолдас деген бала алдындағы қыздың шашынан тартып қоймады. Сонда Алланияз аға:

-Көрдиңбе мына мушты. Бул сени әкеңе танытады, деп мушын Жолдасқа келип көрсетип басынан сыйпап кетти.

Сағыйдан айтты: Артқы партада Сарсенбай деген жорам отыратуғын еди. Ол тыныш отырмай сабақ ўақтында қосық жазып маған берип атыр еди. Мен ашып көрип едим, мектептиң директоры Амет аға қолымнан жулып алды. Оқып көрип болып, мени доcқаға шығарды. Оқып бер, ҳәмме еситсин де деди. Мен ол қосықты оқыўға уялдым. Класс басшымыз Алланияз аға еди. Тәнепис ўақтында бизлер екеўимизди муғаллимлер

кеңсесине шақыртып алып кетти. -Бундай қосықты неге жаздың? Бундай сөз жазыўға уялмайсаңба? Уятсыз адамның келешеги қандай болады? – деп кейиди. Сарсенбай кеширим сорады. Ол бирден түргелип турып кетти. Бизлер уратуғын шығар деп қорқып кеттик. Яқ урмады. Соннан кейин Алланияз аға мени көрген жерде «Ҳаў шайыр қалайсаң» дейтуғын болды. Мен болсам қысынып қаламан-деди.

Басқа муғаллимлер сабақта қалталарымызды қарап шырпы, папирос, насбай излейди. Алланияз аға өйтпеди, тек сабақты өтеди. Аўылдағы Бекниязова Гүлнара айтады бизлерди Алланияз аға англичан тилинен жақсы оқытқан екен. Мен Нөкис пидинститутына кириў экзаменинде англичан тилинен группам бойынша тек мен бес алдым деди. Алланияз ағаның қызы Улбосын Нөкис пединститутының англичан тилинен питкерди. Ҳәзир ол усы мектепте сабақ береди. Алланияз ағаның педагогикалық хызметлери менен бирге мектеп жайын салғандағы оның бир мийнетин көрсетип кетсек орынлы болады деймен.

Алланияз аға былай деди: 1995-жыл усы мектепте район ҳәкими У.Хожаназаров районлык халық билимлендириў бөлими басшылары қатнасқан жыйналыс болды. Сонда Хожан аўылдан ветеран ғаррылары Айтмурат аға, Төребайлар жыйналыста шығып сөйлеп, «Бизиң аўылдың балалары бул Узынкөл аўылына узақсынып қатнап оқыўға қыйналып атыр. Бизиң Хожан аўылдан мектеп салып бериң», деп ҳәкимге өтиниш етти.

-Ҳәзир районлық бюджетте мектеп салыўға пул жоқ. Финанс мүмкиншилиги болған ўақытта мамлекетлик планға киргиземиз, деди ҳәким. Бизлер жүдә үлкен типовой мектеп сорап атырғанымыз жоқ. Бизге мектеп салып жүрген Алланияз салып берседе болады, деди адамлар. Мени түргелтти. Не деримди де билмей қалдым. Салсам салайын жәрдем етсеңиз, дедим. Районнан архитектор алдырып, тоғыз классқа арнап жайдың планын пиштирдик, қазығын қақтырдық. Мектепте каникул басланғаннан қасыма балам Әжинияздı алып гербишин қуя басладым. Аэропорттың дийўалы қасындағы жерди аўдарып, соң қандырып, суўғарып қойып сол жерден гербиш қуйдым. Қуйған гербишим жүз мыңға шамаласқанда сол ўақыттағы Қарақалпақстан суў қурылысы басқармасы баслығы Т.Камаловтың кабинетине бардым. Ол өзи бар екен. Ол мениң өтинишлеримди дыққат берип тыңлады. Жайдың фундаментине блок

сорадым. Қапы, әйнек сорадым. Ол өзине қараслы жай салатуғын ПМК баслығы шақырып алып, мениң менен таныстырды.

-Бул киси бийпул гербиш қуйып, қайыр-сақаўат ислеп мектеп салып атыр. Сенде қайырлы ис етип сол мектепке жеткендей блок, айна, қапы апарып бер. Және оннан ҳүжжет сорап жүрме. Объектлерге өзиң жайғастыр. Кран машыныӊ менен блокларын қойып берип пәтиясын ал, деди.

Жайдың гербишлерин өрип, айна қапысын қурып болып, районның ҳәкими У.Хожаназаровқа бардым. Дәслеп ол мениң ислеримди де, келебергенимди де жақтырмай жүр еди, соң педагок, педагок пенен тил табыстық. Нөкис районы тоғай хожалығынан жайдың үстин бастырыўға ҳәм полдың сазына торанғыл алдырдып беремен деди. Жайдың үстин бастырыўға қамыс плита ўәде етти. Районлық Халық билимлендириў бөлими баслығына айтаман сизден хабар алып муғаллимлерден сизге жәрдем етип турады - деди. Тоғайға барып өзим сайлап торанғыл кестим. Қыршыўға жәрдемге баламды қоңсы баллардан Жумабай, Қурбанларды алып бардым. Сөйтип еки ҳәптедей үстин бастырып жүрдим. Енди ең табылмай турғаны, шифер менен поллық тахтай. Ең соңында Қарақалпақстан Жоқары Кеңеси баслығы Ү.Әширбековқа бардым. Ол мени жақсы қабыл етти.

-Шифер тахтай, полға бояў алдыртып беремен. Яқ топан ылай менен сыбама, оны қыршып алып тасла, бул мектеп-қо, мен қурылыс ПМК-сына тапсыраман. Өзлери барып шиферин қағып известки менен сыбап, поллап, потолоклапта береди. Өзимде соң хабар алып қайтаман деди. Мен қуўанып кеттим. Рахметимди айтып атырман. Тез арада ПМКдан адамлар келди. Жумыслар қатты қызып кетти. Усы сентябрге мектепти питкеремиз деп Районлық Халық билимлендириў бөлими баслығы Ж.Хожаназаровта басында болды.

Сол аўылдағы Анипа муғаллим айтды: Алланияз аға салған тоғыз жыллық мектепке бир күнлери ПМК адамлары келди. Районлық Халық билимлендириў бөлими баслығы жәрдемге мектептен муғаллимлерди, үлкен класс балларын жыйнап, өзи жумыстың басында болды. Биреўлер гербиш тасыды, биреўлери шелеклеп ылайға суў қуйды, биреўлер зәмбер менен топырақ әкелди, биреўлер полды, айна-қапыны бояды. Жумыс көп. Бизлер

еки ҳаял шелек пенен суў тасып жүрмиз. Бизлерге үлкен шелек берди, көтере алмай тынып аламыз. Алланияз аға қолларымыздан шелеклеримизди жулып алып -Сизлерди ким жумсаған. Барып айналардың көзин тазалаң деди. Өзи еки шелек пенен суў тасып кетти. Ылай болса қатып баратыр екен. Биресе ол ылай соқты. Алланияз ағаның күш-ғайратын сонда көрдик - дейди олар.

Ү.Әширбеков ўәдесинде турды -дейди Алланияз аға. 1996-жылдың сентябринде таза мектепти ашыў мәресиминдеги жыйналысты Нөкис районы ҳәкими У.Хожаназаров ашты. Ү.Аширбеков шығып сөз сөйледи. Мектеп коллективин оқыўшыларды таза оқыў жылы менен ҳәм таза мектеп жайы менен қутлықлады. Мени де қутлықлады. Бул сақаўатлы инсан қырықтан аслам жайлар салды деп Ү.Аширбеков маған шапан жапты. Кейнинен маған да сөз берди. Мен де өзим жақсы көретуғын оқыўшы жасларды ҳәм муғаллимлерди қутлықладым. Қурылысқа жәрдем қолын созған ПМК хызметкерлерине, мектеп муғаллимлерине ҳәммени қоллап-қуўатлаған ел басшыларына рахметимди айттым. Жыйналыста таза мектептиң директоры Заўре, Хожан аўылдың турғынлары, Мушегүл, Меҳригүл, Төребайлар сөйлеп раҳметлерин айтып атыр. Таза мектепти ашыў салтанатына Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў министри Т.Атамуратов, республика коммунал хызмети министри Ш.Уснатдинов, ҳәм тағы басқа да мекеме ҳәм кәрхана басшылары қатнасты. Районлық мәденият үйи концерт қойып берди. Мектеп оқыўшылары да қосық айтты. Мектепте үлкен байрам болды- деди Алланияз аға.

- Эй, ялғаншының иси деп ол, күлип сөйлейди. Мектептиң қурылыс тамам болды. Оқыўшылар, муғаллимлер жайдың ишин, сыртын тазалап атыр. Мен шаңғыты кеткенше дем алып шетте отырсам, бир жеңил машын келип тоқтады. Машыннан папкасын қушақлаған бир жигит ҳәм бөлим баслығы, аўыл кеңестен бир адам келип мениң менен сәлемлести. Мен, райфинотделденмен деп папкасынан көп чертежларды алып, мөр урылған қағазларды көрсетти. Бул мектеп 470 мың сум дедиме, әйтеўир көп пулдың атын айтты, сол суммаға питти- деди. Мына ҳүжжетлерге қол қойың. Сизде бир машын алып миниң. Қалғанын мына документлерди дүзгенлер алсын ақсақал - деди.

- Мен пулсыз, қалыс ислеймен. Бир қағазыңызғада қол қоймайман. Бир сум пулынды да алмайман. Пул алғыңыз келсе өзлериңиз билиң – дедим. Ол жигит ҳаў мына адам пайдасын билмейди екен ғой, қалай-қалай деп тоңқылданып кетип баратыр. Бир-еки күн өткеннен кейин меннен таза мектептиң директоры Заўре сорады. Сизге райфинотделден ҳүжжетлерге қол қойып бериң деп бир жигит хабарласты ма, сиз қол қоймапсыз ғо, сол рас па ? – деди. Аўа рас деп, мен сол жағдайды айтып бердим. Ал сол райфинотделден келген адамды папкаларындағы қағазларын жерге жайратып маған бармақларын шошайттырып мектептиң оқыўшылары соны пьеса етип ойнады. Ҳәмме күлистик, дейди Алланияз аға.

Алланияз ағаның қоңсылары Шолпан, Әдилбай, Жумабай, Жетеслер ол киси ҳаққында, оның адамгершилиги, оның оғада сақый болғанлығын, олар толып-тасып айтады. «Есигиниң алдына қаўын, ғарбыз түсиреди. Ҳәр ўақлары салы, бийдайда есиктиң алдында ашық жатады. Бир ҳәпте он күнге дейин көшеде турады. Ишке де киргизбейди. Ала бериң балларым, тартынбай дейди. Телевизордың жаңа шыққан ўақтында аўыл бойынша еки үйде телевизор болды. Бири колхоздың баслығы Айтымбет ағаның үйинде, екиншиси Алланияз ағаның үйинде. Баслықтың үйине адамлар барыўға тартынады. Кеште аўылдың ҳәммеси десекте болады. Алланияз ағаның үйине жыйналамыз. Кинода көрип тап жатар ўақта қайтамыз, айрым ўақлары бирге де аўқатланамыз. Шайды ғо күнде ишемиз. Ҳеш адам жатырқамайды. Қайтарда коридорда бочкада дузлап қойған помидорлар турыпты. Бизлер ҳәр ким екеўден, үшеўден алып жеп қайтамыз»- дейди қоңсылары.

Қаҳарманымыз өзинин педагогикалық хызметлеринин даўамында әжайып инсаный пазыйлетлердиң ийеси, қайырлы ислердиң баслаўшысы болып та өзиниң саўаплы ислери менен ел-журт ҳүрметине сазаўар болды.

Ол мийнет ветеранлары менен кемпир-ғаррылар, урыс ҳәм мийнет майыплары, кем тәмийинленген шаңарақларға турақлы түрде қәўендерлик көрсетип, өз күши ҳәм айырымларын өз қәрежети есабынан да оларға үй-жайлар салып берди. Ол жасларды тәлим-тәрбиялаўдағы хызметлери ҳәм халыққа қайыр-сақаўатлы мийнетлери менен өз заманының қаҳарманына айналған инсан болды.

# II. Алланияз Өтениязовтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери

*«Оны қоллап-қуўатлап, жақсы дәстүрлерин кең жәмийетшиликке таратыў, халық алдындағы үлгили ислерин мектеплердиң оқыў сабақларына киргизиўдиң орнына, оның қолын суўытамыз, зейнине тийемиз» Ш.Уснатдинов.*
*«Еркин Қарақалпақстан» газетасы бас редакторы. (сол газетаның 16-11-1990ж санынан).*

Бүгинги күнде Алланияз Өтениязовтың педагогикалық хызметлери менен тәлим-тәрбиялық ой-пикирлерин қарақалпақ халықлық педагогикасы көз-қарасынан изертлеп, оған елеўли түрде баҳа берип, халық билимлендириўи менен илиминиң алдындағы изертлениўи тийис болған темалардың бири екенлигин есапқа алынғаннан оны ҳәр таманлама үйренип шығыўды мақул көрдик.

Алланияз Өтениязовтың тил алғыш, әдеп-икрамлы, мийнет сүйгиш бала болып ер жетип педогок болыўына, саўаплы ислерди ислеўгеде қол урыўына оның Курский дугасындағы қанлы саўашта оқ тийип окопта жатып, баласына жазып қалдырған әкесиниң нәсийхат сөзи тәсир етти деп ойлаймыз. Әкесиниң нәсият хаты оның келешек турмысын белгиледи, деп ойлайман. Хатта былай жазылған еди: **«Балам сен мениң жалғыз перзентимсең! «Мен Ўатан ушын жан берип атырман. Сен мендей қайыр-сақаўатлы болып өмиримди даўам ет. Анаңа қара. Оқы! Әсиресе усы қанлы урыстан қайтқан майыпларға, жас балларға жақсылық исле. Ҳадал бол! Сонда менде умытылып кетпеймен. Соны ядында тут»** Хат елеге дейин Алланияз ағаның анасы Жумагүлдиң аршасында сақлаўлы тур. Алланияз аға әкесиниң жазып қалдырған насиятына бир өмир садық болып қалды. Оқыды. Қанша қыйыншылық болсада пединститутты питкерди. Анасына, үй-ишине қарады. Урыс майыпларына, жетим-жесирлерге жәрдем берди. Биреўдиң бир сум пулын алмады, ҳадал болды. Жас әўладты тәрбиялап билим бериўде барлық күш жигерин жумсады. Ол ақшаға емес -

адамгершиликке, мақтаншақлыққа емес- алғысқа шөли қанбаған инсан болды.

Сонны да айтып өтиўимиз тийис, бүгинги халық билимлендириўинде халықлық педагогика тәлим-тәрбия жумысларында, инсанийлық сыпатты демократиялық тийкарда миллий педагогикамыздың мақсетине бирге ислесиўди толығы менен басшылыққа алады.

Нөкис районынан еки балалар бақшасы менен еки мектеп бинасын, қурылыўына өзи тиккелей басшылық еткен. Сол мектеплердиң қурылысларына оқыўшы жаслар да көмеклести, мийнет етти, қурылыс ислеринен түсиник алды, тәжирийбе арттырды.

Президентимиз Ислам Каримовтың «Перзентлеримиз ақыллы, билимли, дана ҳәм әлбетте бизлерденде бахытлырақ болыўы тийис», - деп атап көрсеткениндей келешегимиз болған жасларды жетик инсан етип тәрбиялаў менен бирге оларға тыянақлы билим, илим сырларын үйретиўдеги ўазыйпалар да усындай пидайы устазлардың үлгили ислерин бүгинги жасларға мақтаныш тутсақ арзыйды.

Оның үй архивинен 48 бетлик машинкада басылған «Мениң педагогикалық тәжирийбелерим» атлы қол жазба китапшасы табылды. Оны ҳүрметли устаз 1991-жыллары баслап кейинин даўамлап баспаханаға бериўге үлгере алмаған болыўы керек. Сол китапшаның айырым бөлимлеринен үзиндилер берип кетпекшимиз:

## «Жасларға адам факторын үйретиў».

-Оқыўшы-жасларға адам факторын айтқанда: инвалидлерге, аналарға, әсиресе Ўатан ушын жанын пидә еткен урыс I-II-группа инвалидлерине 80-90-100 жасар ата-аналарға, көп балалы жалғыз баслы аналарға, Афганстанда хызмет еткен солдатларға жайлар салып бердим. Бала-бақша, китапхана, медпункт салып, соларға ғамқорлық еттим. Бул адамгершилик ислерим туўралы өз тәжирийбемнен алынған 38 тараўдан туратуғын ис тәжирийбемди жәмәәтшиликке арнайман.

## «Педагогтың тийкарғы ўазыйпасы»

Педагог ҳәр тәреплеме оқыў-тәрбия жумысында үлгили, өз пәнин, исин терең билетуғын, жоқары мәдениятлы, саналы, жумысында, семьясында, жәмийетшиликте, коллективи арасында үлгили исшең болыўы керек.

Педагок бәрқулла өз билимин өз үстинде көтерип, сабағын турмыс пенен байланыстырып, қысқа мазмунлы, түсиникли қызықлы, көргизбели етип өтиўи керек. Муғаллимниң ишки және сыртқы дүньясы таза болыўы керек. Мен сабақты англичанша еки куплет қосық айтып болып баслайман. Сол ўақытта балаларды өзимизге тартып аламыз. Муғаллим бириншиден оқыўшыларды исендирип өзине тартып алыўлары керек. Муғаллим оқыўшылардың мийнетин дурыс баҳалаў керек. Муғаллим балаларды өз баласындай, қыз балаларды өз қызындай көриўлери керек. Муғаллим оқыўшыларды урмаўы керек, жаман сөзлер айтпаўы керек. Оқыўшы-жасларды өзине тартып муғаллим баланы, балалар муғаллимди жақсы көрип ислесиўи керек.

Муғаллим класста тәртипти, тынышлықты, тазалықты сақлап, таза мәдениятлы сөйлеп жумыс алып барыўы керек.

Муғаллим оқыўшылардың қызығыўшылықларын түсинеди. Олардың қызыққанларына араласып кетеди. Муғаллимлер түрли жастағы балаларды баўырына басқан шаңарақ сыпатындағы мектептиң үлкен балаларындай, үлкен ағаларындай бола алыўлары керек.

Муғаллим оқыўшылардың устазы ғана емес, ал достыда болыўы, қыйыншылықларды олар менен бирге жеңиўи, бирге бастан кешириўи, бирге қуўаныўы, бирге қайғырыўы керек, деп көрсетеди.

Бизиң муғаллим киятыр дегендей, абырайлы кийиниўи, жүрис-турысы үлги болыўы керек.

а) Ер азамат төмен адам менен ислесиўи керек.

б)Жақсы дийхан төмен жер менен ислесиўи керек.

в)Жақсы муғаллим төмен балалар менен көп ислесиўи керек.

Халық муғаллими жоқары атақ және жуўапкершиликли ис. Усындай етип ҳәр бир исти өзимизден баслаў керек. Мийнет негизги орайы. Басқаға билим берип, жоқары тәрбия бериў ушын, өзиң терең билимли ҳәр тәреплеме үлги болыўың керек. Мине ҳәзирги халық муғаллими усындай болыўы керек.

## «Мийнет тәрбиясының алты тараўы бар»

1.Ҳәр бир жаслар, адамлар ҳалының келгенин көтерген жумысын ислеўи керек.

2.Ўақтында дурыс дем алыўы керек.

3.Ўақтында жақсы, дурыс аўқатланыўы керек.

4.Жумыста басқа ўақытта да тазалықты сақлаў керек.

5.Мийнетти сүйиў керек.

6.Мийнетти биринши орында жәмийетке, халыққа пайдалы ислерге жумсаў, бас ўазыйпа.

Мине мийнет ислеўде усы шәртлерди орынласа, мийнет адамға пайдалы. Усы шәртлер бузылса, мийнет зәлел. Дурыслы, орынлы жәмийетке пайдалы мийнет адамды орташа сақлайды, семиртип жибермейди. Адамды шынықтырады. Барлық қыйыншылықларды жеңетуғын беккем етип арықта емес, семизде емес, орташа етип сақлайды. Күшти, билимди, ақылды дурыс жерлерге, халыққа жәмийетке пайдалы жерлерге жумсаўымыз керек.

## «Балаларға, аналарға қайыр-сақаўат тәрбия»

Мусылманшылықта да, биринши анаға жәрдем бериў керек деген. Жетим-жесирлердиң, балалардың маңлайын сыйпамақ, ҳәм оларға қайырқомлы, сақаўатлы болыў керек. Мен өзим әсиресе жас балларды жақсы көремен. Байрамларда базардан ойыншықлар алып, өзимниң салып берген бақшаларыма барып балаларыма саўғаларымды беремен. Солардың қуўанғанына өзимде қуўанып қайтаман. Жасларды үлкенлерди ҳүрмет етиўге, өз ата-анасын, өз туўысқанын ҳүрмет етиўге, оларға хызмет етиўге үйретиў керек. Әсиресе, ата-анаға ҳүрмет етиң. Аллатааладан кейинги қудай әке болып есапланады дейди. Әкениң сөзине як демең. Ўәсиятын тыңлаң, ақылын алың. Сонда ислериңиз раўаж табады. Атаны ҳәм ананы мектеп турмысына актив қатнастырмай, үлкен жастағы адамлар менен балалардың мудамы руўхый байланысын өз-ара байытпай турып, балалар тәрбиясын жақсы жолға қоя алмаймыз.

Маған СССР дың орайлық газеталарынан мамлекет басшылары, пухаралардан жер шарындағы көп еллерден хатлар келип атыр. 1991-жылға дейин мен 1500 хат алдым. Сол хатлардың 1100 хаты яки 70% ти ҳаяллардан, аналардан келди. Аналар мийнет сүйгиш, меҳрибан болады. Хатлардың 930 данасы Россия пухараларынан келген хатлар. Рус халқыда мийнет сүйгиш халық деп есаплайман.

## «Саналы болыўды тәрбиялаў».

Адамға ақыл сананы, несийбени (жаратқан)береди. Бирақ бул дүньяда жақсы жасаўың ушын адамның өзи де келешекке умтылып ҳәрекет етиўи керек. Сонда несийбең де, ақыл-сананда көбейеди.

## «Ысрапхоршылыққа қарсы жасларды тәрбиялаў».

Ишиң жең бирақ ысрап қылмаңлар деп Қуранда айтылады. Ысрапхоршылыққа қарсы Президентимиздинде көрсетпелери бар. Сонда да ҳәзирги айырым адамлар ҳәр қыйлы бәнелер таўып көп той беретуғын болып баратыр. Пәленшеден қалмайық деп елиў-алпыс үйге қонық берип, тойға мындай адам шақырамыз. Ҳәзир той бериў сондай көбейип кетти, енди адамлар жумыс күнлериде той беретуғын болды. Той бере берген менен халықтың кесеси ағармайды. Мийнет етип өнимди көп шығарыў керек. «Жыйған тергениң тойға шашылсын», «Бәрҳа той бола бергей» деген тилеклер нақылға айланып кетти. Жыйған, тергенимиз жас әўладларымыздың илим, билим алыўларына жумсағанымыз дурыс болады деп ойлайман. Балаларым той-тамашаға, жасарып кийиниўге, бояныўға көп кеўил берменлер. Окыўға, билим алыўға кеўил бөлиңлер.

## «Таза, азада болыўға тәрбиялаў».

## «Жәмийетлик тәртипке тәрбиялаў».

## «Оқыўшы-жасларға ҳайўанат, қусларға ғамқорлық етиў тәрбиясы».

**«Жасларға нанды қәдирлеўге, үнемлеўге тәрбиялаў».** Бул бөлимде мынандай қатарлар айтылады.

Ата-анадан кейинги ең уллы нәрсе нан. Нан тиришиликтиң арқаўы. Нан уллыма, қуран уллыма? дегенде қураннан да үлкен нан болып шыққан. Дәнди дийханнан қаншама мийнетлер менен өндиретуғыны белгили. Нан жетиспеўиниң себебинен урыс жылларында Ленинград қаласында көп адамлар (600000 мыңнан аслам) ашлықтан өлип кеткен. Көп ашлықлар болып, бир тислем нанды таба алмай өлип кеткенлер көп болған. Ол адамлардың турмысынан белгили.

«Арпа бийдай ас болар,

Алтын, гүмис тас болар» деген. Аш болғанда алтынның да дәртке жарамай қалатуғыны белгили. Нан-ас адамның арқаўы, тиришиликтиң басы нан. Балларым нанды қәдирлең.

**«Жасларды интернационаллық руўхта тәрбиялаў»**

Мениң қалыс хызмет етип, жай салып берген, жәрдемге мүтәж инвалид, ғәрип-мүсәпир адамларымнан 31 семья болса, соның 12си қазақ, оны өзбек, тоғызы қарақалпақ. Жайларына ремонт етип бердим, жәрдемге мүтәж болған 174 семья болса, усының 70 қазақ 54 өзбек, 50 үй қарақалпақ. Мине көрип отырсыз. Мениң қол ушымды берип қалыс көмек көрсеткен семьяларым ҳәр қыйлы миллетлерден. Маған бундай тәрбияны берген ата-анам, мектеп және жоқары оқыў орынларындағы мени оқытып тәрбия берген устазларым, ҳәзирги мектептеги мийнет коллективим, радио, газета, журнал, телевидение, китаплардан тәсири деп билемен.

**«Жасларға Ана-Ўатанды сүйиўге, оған хызмет етиўге тәрбиялаў»**

Оқыўшы жасларды парахатшылықты сүйиўге, спортқа қызығыўшылыққа, оқыўшыларды кәсипке бағдарлаўға, техника жаңалығын ийелеўге, жасларды бояныўға, мода қуўыўдан сақлаўға, жасларды музыкаға қосық айтыўға үйретиў, әдеп-икрамлылыққа, шет тиллерди ийелеўге үйретиў. Балаларым англичан тилинде дүнья жүзи сөйлейди. Бул сабаққа кеўил бөлиң, әсиресе жоқары оқыўға кирмекши жаслар англичан тилинен экзамен тапсырады. Англичан тилин билген адам дүньяны жақсы таныйды.

Алланияз Өтениязовтың өзиниң жоқарыдағы педагогикалық тәжирийбесинде ҳәзирги муғаллимниң қандай болыў кереклигин, әсиресе нелерге итибар бериў, жас әўладты мийнет тәрбиясына көбирек кеўил берип, педагок кәсиптиң көп тараўлы, машақатлы ҳәм әдиўли екенлигин көрсетип береди.

Алланияз Өтениязов өмириниң ақырына шекемги педагогикалық хызметиниң даўамында оқытыў-бул муғаллимниң оқыўшыға билимлердиң белгили жыйындысын бериў менен бирге, оның ақыл-ойын мийнет етиў менен байытыў процессинде түсиндиреди. Усылар тийкарында ол жақсы оқытыў ақылдың раўажланыўын тәмийинлейди, илимий ойлаўдың тийкар деп түсинеди. Билимлердиң жыйындысын оқыўшылардың мийнет

тәрбиясы менен тығыз байланыста алып барыў керeклигин мақсет етип қояды.

Алланияз Өтениязовтың муғаллимшилик кәсиптеги алдына қойған жәнеде мақсетлериниң бири бул - педагок кадрлардың жас әўладты тәрбиялаўда ислам динимиздиң, ата-бабаларымыздың үгит-нәсиятларына яки халықлық педагогикаға үлкен кеўил бериў керек, деп есаплайды. Ата-ананың айтқан ақыл-нәсиятына бала «яқ» демеў керек, сен деп сиз қайтарыўдан бала сақланыўы керек. Әкеге ҳәсий болыў, Аллаға ҳәсий болыў деген. Ата-ананың айтқанларын тыңламай, оның зейнине тийген перзенттиң өзи де, келешекте усындай қыйыншылықларға дус келеди деп есаплайды.

Алланияз Өтениязовтың пикиринше муғаллим тәрепинен оқыўшыларда жоқары адамгершилик пазыйлетлер қәлиплесип бойына синдирилсе, олардың сана-сезими раўаж алады, нәтийжесинде ол барлық қыйыншылықларды жеңип, жәмийетимиздиң талабына сай керекли билимди толық ийелей алады деп көрсетеди.

# III. Алланияз Өтениязовтың адамгершиликке толы қаҳарманлық мийнетлери ҳәм соның тийкарында жас әўладты тәрбиялаў

*«Кимдур бир жақсылық ислесе, оған бул жақсылығы он барабар етип қайтып бериледи».*

*Қуран. Нисо сүреси.*

Алланияз Өтениязовтың қырық жылға жақын педагогикалық хызмети менен жас әўладқа шет тилинен үйретиўде де, аянбай хызмет етиў менен бирге, мийрим-шәпәәтлик, адамгершилик мийнетлери мененде елге танылды.

«Ҳуқық» газетасының 18.07.2002ж. санында А.Өтениязов жөнинде мына қатарларды оқыймыз. «Жетинши класста оқып жүрген гезлерим еди. Түсимде Аққесек бабаны көрдим. Ол таҳарет алып атырған қуманын жерге қойып, келип мениң қолымнан алды. –Ата мен Сизиң қолыңыздан алыўым керек еди-ғо десем, сонда ол: «Яқ балам! Сен келешекте уллы адам боласаң. Жаратқан ийем сизге таўсылмас күш-жигер берди. Сен оны текте мүтәж адамларға жумса. Дүньяны дос тутпа. Таза жүр, таза тур» деп басымнан сылады. Н.Ақназаров. хабаршы.

Түсимди анама айттым, деди Алланияз аға. Қуран оқыдық. Тийеберсин айттық. Апам «Бул түсиңе Сейтнияз бабаң еңген шығар. Ол улама адам болған, деди. Пийшембиде бабаның басына бир жан сойып садақа берейик. Саған кудайымның бергени балам»- деди. Соннан баслап ҳәр жыл сайын денеме күш-ғайрат кире баслады дейди Алланияз аға. Усы жерде айтып кетиўимиз керек. Ең арғы бабасы Сейтнияз ақун. Оның баласы Рейимнен Мамыт, Ешнияз, Жуманияз, Ернияз, Ҳакимниязлар туўылған. Сейтнияз ақунның ақлықлары Дәўлетнияз, Байнияз, Айтнияз. Айтнияздан белгили спортшы ҳәм шайыр Аўезхан. Байнияздан Тилеўмурат ҳажы. Ал Ернияздан Өтенияз, Қалнияз, Бердияз, Хожаниязлар туўылған. Өтенияздың баласы Алланияз Қаҳарман. Алланияздың баласы Әжинияз. Байнияз атамыз Бухарадағы Медресени тамамлаған. Сейтнияз ақунның әўладларының

атларының көпшилигинде «нияз» сөзи қосылған. «Ниязмент - жомарт» яки қайыр сақаўат мәнисине туўра келеди.

Енди Алланияз ағаның адамгершилик қайыр-сақаўат ислери жөниндеги жазылған китаплар ҳәм газета-журналлар материалларының айырымларынан үзиндилер берип өтпекшимиз.

**«Яқ улым өлмеген екен»** (Еркин Қарақалпақстан ноябрь айы 1962-жыл. Ленинабад таңы 14.01.1988ж.) Бул мақаланы 26 жыл бурын белгили журналист О.Қалимбетов жазған еди деп еске түсиреди. автор. Ж.Айтмуратов.

... «Бизлердиң күш-қуўатымыз қайтты, қартайып отырған кемпир-ғаррымыз. Сулейман деген жалғыз баламыз урыста қазаланды. Күн-көрисимизге налымаймыз.

Бизлер усының менен алғысымызды пединституттың студенти Алланияз Өтениязовқа айтпақшымыз. Ол бизлердиң ҳал-жағдайымыздан хабар алып, күн-көрисимизди, отырған имаратымызды көргеннен кейин бизлердиң қартайғанымызды, хожалығымызда иске жарамлы басқа адамның жоқ екенлигин билип, үйге келип бизлерге жай салып берейин деди. Өзи гербишин қуйды, тырнағын салды. Тырнаққа тасты қоңсы муғаллим Ережепов Орынбай жәрдем етти. Басқа қоңсылар Қәдирбай, Базарбайлар әйнек-қапыларын салып көмеклести. Жаздағы дем алысында бизлерди таза жайға киргизди. Қол ҳақың болсын балам деп азғантай пул берип един, алмады.

-Мен қалыс жәрдем етип атырман. Ата пәтияңызды берсеңиз болады деди. Рахметлер айтып пәтиямызды бердик. Баламыз Сулейман өлмеген екен, еле тири екен. Себеби оның Алланияз сыяқлы ғамқоршы аға-инилери бар екен. Олда енди бизиң баламыз деп есаплаймыз». Қурбанияз улы Тилеўмурат» Кегейли районы Куйбышев колхозы.

**«Мийнет палўаны»** «Коммунизм байрағы» 13.12.1969-жыл. «Бердах совхозының Қонысбай басқарған бригадасында Алланияз муғаллим 22-27-октябрлерде 5 күнде 2000кг пахта 20-30-ноябрлерде он тонна гөрек терип тапсырды...» Г.Қосымбетов. хабаршы.

**«Солдат ўәсияты»** Еркин Қарақалпақстан газетасы(27.04.1985.ж.). «Алланияз институтта оқып жүргенинде практикаға Төрткүл районына келди. XXII партсъезд колхозында жасаўшы жалғыз баслы кемпир

Тоқпанова Шекердиң күйеўи фронтта қазаланған. Турақ жайы тозып, қулаў ҳалында көрип, Алланияз өзи гербиш қуйып, тырнағына тас төсеп, үш ҳәптеде Шекерди жайлы етеди. Кемпир «Барым усы еди балам» деп Алланиязға кишкене түйиншик усынып еди. Алланияз алмады.

-Мен сизге қалыс хызмет иследим, деди. Кемпир бийшара Алланиязға алғысын қардай жаўдырды. Жай салғанды еситип қоңсы «Қырыққыз» совхозынан ешекли бир ғарры келди.

-Балам мен тоқсан жасқа келген Тәжим баба дегенмен. Үйиме жүр, қонақ бол,-деди ғарры. Алланияз усылай Тәжим бабаның үйинде бир ай жатып еки бөлме жай салып берди. Тоқсан жасар Тәжим баба таяғына сүйенип турып Алланияздың маңлайынан сүйди, ақ пәтиясын берди. Алланияз үйине келип, анасы Жумаға айтты. Анасының қуўанышында шек жоқ еди. Анасы, «Алғыс пенен ер, жаўын менен жер көгерер» деген нақылды қайталап айта берди.

Кегейлиде турыўшы онында жалғыз баласы фронтта қайтыс болған, жайыда тозып қулайын деп турған Қулнияз ғарры Әдилбековқада Алланияз бийпул жай салып берди. Жданов атындағы совхозда ферма малларына шөп орып жүрип, қайтып киятырып бир үйге суў ишиўге қайырылды.

-Сәлем бердик деди үйдеги кемпирге Палыш кемпирдиң үйи усыма?

-Аўа шырағым, Палыш деген мен боламан.

-Фронтта Тәжибай деген балаңыз қайтыс болғаны распа шеше?

-Мине қырық жыл болды, өлди деўге тилим бармайды, бирақ күтип атырман-деди кемпир еринлери кемсеңлеп.

-Шеше мен баланңың орнына бала болайын деп келдим, атым Алланияз.

-Балам болсаң кел берман. Баўырыма басайын-деди Палыш кемпирдиң даўысы тарғылланып кетти. Көзинен мөлт-мөлт еткен жасты билдирмей сүртип таслаған кемпир биразға дейин Алланиязды баўырына басып турды.

Соңғы он жылда қәўендери фронтта қурбан болған он сегиз хожалыққа жай салып берген Алланияз бул сапары өзин өзгеше сезди. Ол ўақыт пенен есапласпады, иследи. Оның ғайратына адамлар таң қалды. Жигирма бес мың гербиш қуйып, тырнағына цемент ҳәм тас изледи. Алланияз оныда таўып әкелди. Жай салынды. Иши-сырты сыбалды. Қоңсысы Хожамберген муғаллим жайдың дөгерегине ағашлар егип берди. Соң совхоздың бөлим

баслығы Қутлымурат Хожаметов монтер ертип келип, жайға свет өткерди, ал Алланияз болса соннан берли Палыш кемпирден хабар алып турады. Биз Аллантяздың күш-қүдиретине, адамгершилигине тәсийин қалыў менен бирге оның жоқары саналықтағы мехрибанлық тулғасын көз алдымызға келтирейик. Фронтта, Ўатанды қорғаў жолында қазаланған солдат әкесиниң ўәсияты оның барлық ийгиликли ислериниң беккем арқаўы екенин аңлаймыз. Татыў шаңараққа беккем ден-саўлық тилеймиз. Қармыс Досанов. жазыўшы.

**«Аўыл баҳадырлары»** «Коммунизм байрағы» 8.08.1984-жыл газетада. Алланияз ағаның урыс ветеранларына жай салып бергенлиги айтылады. Қарақалпақстан обкомы биринши секретары Қ.Камалов оны кабинетине шақырып, Кегейли районы муғаллимлери менен бирликте жазғы дем алыста пахта тәрбиясына көмек бериўге инициятива көтерсеңиз деп өтиниш еткенин ҳәм бул истиде табыслы орынлап, ел басшысының алғысын алғаны сөз етиледи. авторы М.Жуманазаров.

**«Лик доброты»** Правда газетасы 29.09.1985-жыл.

...«Мине ол мениң алдымда нағыз мийнет адамының, адамгершиликтиң бәрқулла ояў ҳәм жанлы ар-намыстың үлгисиндей болып, өзи қуйған мың-мыңлаған гербишлердиң арасында тур. Ал оның әтирапында мисли әййемги қурылыс майданшасындағыдай, мифлерде айтылғанындай-ақ бир ўақытлары дәслепки адам «бина болған» ылайдан исленген ҳәм күнге кепкен аўыр гербишлер үйилип атыр... Усы картина алдында мени ақылға уғрас келмейтуғын сезимлер бийледи. Мениң көз алдымда адамлардың мүтәжин питкериў менен жасап атырған мына Адам ҳәм оған пүткиллей жат адамлар халықты алдап, тонап, пара алып қымбат баҳалы затларды ҳәм алтын жыйнап, бул ислери суд тәрепинен әшкара болған дүнья паразларды еслетип кетти. Олар өзлерин алдап, урлап алған дүньяларын плинтустың астына, дачаларындағы шуқырлықларға, туўысқанларының қойымшылықларына жасырды. Олар не ушын булай иследи. Яқшы, оларды қояйық, оларда бир жәмийеттиң денесине түскен азарлы исик, руўхый аўырыў оны қарапайым мийнет адамының түсиниўи қыйын...». Т. Қайыпбергенов.

**«Адамларға жақсылық керек»** Жас Ленинши 28.01.1986-жыл.

«Правда» газетасының 1985-жыл 29-сентябрь санында усындай пүткил өмирин халық мәпине бағышлаған педагог, ҳақыйқый инсан Алланияз Өтениязов ҳаққында Т.Қайыпбергеновтың «Лик доброты» очерки басылып шықты. Соннан берли Алланияз ағаға төрт жүзден аслам хат келди. Хатларға Алланияз аға да жуўаплар берген. «Мен бул ислерди өзимниң азаматлық ўазыйпам деп түсиндим. Ақшаға, абырайға, ҳәмелге қызығыў маған жат нәрсе… » авторы Қ.Абдиқайыров.

**«Мақтаўға арзыйды»** Коммунизм байрағы 9.10.1986-жыл.

Мақалада Нөкис совхозы Тельман атындағы бөлимнен бала-бақша, медпункт ҳәм китапхана жайларын Алланияз аға баласы Әжинияз бенен қурылысты баслап питкериў алдында тур…М.Жуманазаров. хабаршы.

**«Жақсының жақсысын айт»** Коммунизм байрағы. 28.03.1987-жыл.

Газетада Азербайжан ССР, Баку қаласы, Кафер Заде Чебоксары қаласы Исаев. Ю.И Еветивева Улан, Удэ қаласы. Шийрин Қайыпназарова Нөкис районы. Латифадан, Москва қаласы Зиновяевой. Н.Т.лардан рахметлерин билдирген хатлар жөнинде айтылады. Хатлар шет еллерденде Польшадан, Швециядан, ГДРден Аргентинадан, Кубадан миннетдаршылық хатлар келди делинген. Алланияз ағаны «Қарақалпақстанға мийнети сиңген муғаллим» ҳүрметли атағы менен мақала авторы Т.Есжанов қутлықлайды..

**«Хабаршының араласыўы шәрт пе еди»** Совет Қарақалпақстаны 30.07.1988-жыл. Нөкис совхоз директоры К.Айтбаевтың Алланияз ағаның салып берген бала-бақшаға кеўил бермей, оны ашпай қойғаны критика етиледи. А.Өтениязовтың бул жөнинде жоқары органларға хат жазғаны айтылады. Қарақалпақстан Жоқарғы Советиниң сессиясында шығып сөйлегени, ал оның районлық советтиң бақшаға жәрдем бериўдиң орнына депутат А.Өтениязовты сессия мәжилислерине шақырмай қойғанлығы сөз етиледи… А.Ибадуллаев. хабаршы.

**«Уроки доброты»** Комсомольская правда 7.11.1988-жыл.

«-С тех пор и прошло. И что самые важное, возводить дома одиноким и престарелым людям учителю стали помогать многочисленное его ученики. Вот где предметные уроки великодушия и доброты.» М.Алимов.корреспондент.

**«Қалыс хызметимди миллет етпеймен десем де...»** Совет Қарақалпақстаны 16.11.1990-жыл.

Мақалада Алланияз Өтениязовтың СССР халық депутаты Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының баслығы, Төлепберген Қайыпбергеновқа жазған арзасы жәрияланған. Қысқаша төмендегише: «Ҳәзир салған жайым отыз шаңараққа жетти. Енди пенсияға шығыўыма алты жыл қалды, және он шаңараққа жай салып, барлық жайды қырық семьяға жеткизбекшимен. Орайлық газеталарда мен ҳаққымда мақала шыққаннан кейин СССР территориясынан 1500 дей рахметлер айтқан хатлар келди.

Өткен сайлаў мапазында аўыл мени Қарақалпақстан АССР халық депутатына кандидатлыққа қосты. Аўыл адамлары мени қоллап-қуўатлап көп жерлерге жазды. Мени қосқаны менен «Май», «Ленин» атындағы «Шадлы» «Социализм» «Жданов» атындағы бөлимлерине  жем саттырған Розымов Қалбай, Оразымбетов Машариплер сол жердиң адамларын басқа кандидатқа даўыс бериўге шақырды. Солай етип көп даўыс алып Өзбекстан дән өнимлери министри депутат болды. Көп жыллар мени райкомға пленум ағзалығына сайлады. Сайлаўын сайлады, бирақта райком жыйналысына мени шақырмады. Конференция болды, буғанда шақырмады. Мени себепсиз райком ағзалығынан шығарып таслады. Мениң арзамды ҳеш ким тыңламаған себепли, Өзбекстан Президенти жолдас Каримовқа хат жаздым. Оның хатлар бөлиминен маған хат келди. Хатты өзимиздиң обкомға қайтарыпты. Обком партия жолдас Т.Машариповты жиберипти.

Солай етип 1990-жылдың 18-сентябрь күни Нөкис районлық партия комитетине жыйналдық. А.Реймов, А.Даўлетмуратов, М.Узақов Куйбышев атындағы мектептиң директоры А.Қалниязов партия шөлкеми секретары Түркменбаева, районлық газетаның редакторы Б.Мустапаев ҳәм өзим қатнастым. Әңгимениң арасында: «Сен мийнетинди миллет етпе, адамлардың ақшасын алып исле» деген гәплер болды. Сонда қалай түсиниўге болады? 102 ге шығып атырған Қудайназарова Палыштың I-группа майыплар Дилимбетова Назираның, Юсупов Оразымбетлердиң пулы барма? Күши барма? Усындай отыз семьяның маған беретуғын ақшасы барма? Маған не себеп ақшасын алып исле дейди? Соннан кейин екинши рет Президент Каримовқа хат жаздым, еле хабар келмей атыр...

Редакциядан: (бас редактор Ш.Уснатдинов)

«...Соның менен бирге, хаттағы райкомның «пленум ағзасынан себепсиз шығарғаны «өткен сайлаўда аўыл оны ККАССР халық депутатлығына қосқаны» бирақ сайланбай қалғаны ҳәм усы жылдың 18-сентябрь күни ӨзКП Нөкис райкомында болған сөйлесиўдеги айтылған сөзлердиң әдеп-икрамлылық және юридикалық жақтан анықлығын редакция мойнына алмайды. Себеби биз бул бойынша изертлеў жүргизгенимиз жоқ.

Соның менен бирге ҳәзир арамызда бир-биреўге қалыс жәрдем бериў, мийрим-шәпәәтлик көрсетип, қайыр-сақаўатлы ис етиў усаған бурыннан киятырған жақсы дәстүрлеримиз қалып баратырған сыяқлы. Оны қоллап-қуўатлап, жақсы дәстүрлерин кең жәмийетшиликке таратыў халық алдындағы үлгили ислерин мектеплердиң оқыў сабақлықларына киргизиўдиң орнына қолын суўытамыз, зейнине тийемиз. Қәне айтыңызшы, мийнет дем алысы ўақтынша ким усындай басына пайдасы жоқ, пилтабан қарамийнет пенен шуғылланып жүр?

**«Добрый человек из Нукуса»** Комсомольская правда, газетасы. 23.11.1990ж.

...«жил-был в городе Нукусе Дон Кихот. Он не воевал с мельницами. Не имел при себе оруженосца. Рыцарь печального образа был человеком партийным. Он строил дома и отдавал их старикам и бедным. Бесплатно.

Однажды защитнику всех страдающих и обездоленных окозали высокую честь-избрали членом местного райкома КПСС. Обычно молчаловый Дон Кихот на первом своем партийном форме попросил слова. «Многие, кто здесь сидит,-сказал он, -имеют по нескольку автомашин. Мы с вами- коммунисты, давайте отдадим все лишнее что у нас есть...»

Зал будто ономел. Дон Кихоту не возразили. И не поддержали. Его просто перестали приглашать на партийные пленумы. А.Крестников. корреспондент.

**«Аңызға айналған адам»** Совет Қарақалпақстаны газетасының 27.12.1988-жыл «Алланияз аға бүгинги күннинң сиясатын перде етип, усылай етип жүр деп қарайтуған болсақ, онда ол өз дәўириниң заманласларынан

өзиниң ислеген есап-сансыз хызметлери ушын қайттым, атақ-мәртебелер талап еткен болар еди.» -А.Халмуратов.

**«Аллаunion азаматлар көп болсын»** Совет Қарақалпақстаны 15.08.1991ж.

«Аллаunion 150 мәмлекеттен қуралған ЮНЕСКОның «Мийрим-шәпәәт» көригине қатнасып оның биринши орынды алыўға мияссар болғанлығын еситип, өзимниң уллы болғандай қуўанғанымды жасыра алмадым…» Т.Төремуратов.

**Добро пришло . Семья. Москва** 14.12.1990-ж.

«…Қоңсылары қәўендерсиз хаял ҳаққында Алланиязға гүррин етти ҳәм жазғы үш айдың ишинде ол Палыш кемпир ушын жаңа жай салып берди. Бунын не кереги бар еди деп ойлаўы мүмкин. Биреўлердиң ойлағанындай оның күни питип турғандай сезилди. Бирақ Адам өзи жасаған жерде өлиўи тийис. Орта Азия халықларының дәстүри усындай. Өзиниң ерки менен болмасада анаў я мынаў дәстүрди бузыўдың қаншелли аўыр екенлиги туўылған күнинен баслап Қарақалпақстанда жасаўшы Алланиязға айрықша мәлим еди. Ол кәмбағал болсада 102 жасар кемпир жаңа жайда жасап атыр…». Дмитрий Иблиев.

**«Енди үлкен бағ дөретпекшимиз»** Еркин Қарақалпақстан 31.10.1996ж.

«…Енди Аллаnияз аға үлкен бағ дөретпекши. Республикамыз ғәрезсизлигиниң төрт жыллық байрамы менен Аллаnияз Өтениязовты елимиздиң жоқары наградасы «Меҳнат шуҳрати» орденин алыўға мияссар болды. Бул жоқары орденди Өзбекистан Президенти Ислам Каримов өз қолы менен тапсырды.» Е Ерманов. Хабаршы.

**«Алланияздың бағы - үлкен бағ болажақ»** Еркин Қарақалпақстан 28.09.1999ж. «…оның бағ егиўдеги бул усынысларын Халық аралық Аралды қутқарыў қорының Нөкис филиалы (Ү.Аширбеков) Республикалық «Нураный қоры» (Ж Муятдинов) қоллап-қуўатлады ҳәм нәллер сатып алыў ушын тийисли қаржы бөлип шығарды. Мийўе нәллери егилди. 90% көгерип шықты. Солай етип быйыл 4,5 гектар мийўе бағы пайда болды.»

Е. Қаденов.

**«Халқ сўзи»** газетасының 24-август 2001-жылы санында Ўзбекистон Республикаси Президентининг Фармони **«Ўзбекистон Қаҳрамони»** унвони бериш тўғрисида

**Мамлакатимизнинг мустақиллигини мустаҳкамлаш, жаҳон ҳамжамиятидаги обрўси ва нуфузини юксалтириш, давлат ҳамда халқ олдидаги ғоят катта хизматлари, ишлаб чиқариш ва ижтимоий соҳалардаги қаҳрамонона меҳнатлари, ёш авлодни ватанпарварлик ва миллий истиқлол ғояларига садоқат руҳида тарбиялашга қўшган улкан ҳиссалари учун қуйидагиларга «Ўзбекистон Қаҳрамони» унвони берилиб, олий нишон-«Олтин Юлдуз» медали топширилсин:**

**Утениязов Аллانияз-Нукус тумани «Саховат» фермер хўжалиги бошлиғи, Қорақалпоғистон Республикаси.**

**Ўзбекистон Республикаси Президенти И.КАРИМОВ.**

**Тошкент шаҳри, 2001 йил 23-август.**

**«Яхшилик қил-қайтади,-дейди»** Аму тонги газетасы 13.09.2001жыл.

«...Яқинда Президентимизнинг Фармони билан Оллониез Утениязов «Ўзбекистон Қаҳрамони» унвонини олди. .

«Мен пул учун ишламайман, одамларнинг дуоси, олқиши менга дори-дармон. Уйларни купинча муҳтож аёлларга қуриб берганман. Чунки оналар олдида бош эгип таъзим қиламан. Чарчамайсанми?-деб сўрашади. Одамларга, болаларга бўлган меҳр-мухаббат, одамлар олқиши менга дармон беради, шунинг учун ҳам одамларга хизмат қилишдан чарчамайман, ўла-ўлгунимча уларга хизмат қиламан.» -З.Бекмурадова.

**«Қаҳрамон билан учрашув»** Нуроний газетасы. 10.05.2002.жыл.

Оллониез Утениязов халқимиз фахри десам мубалоға бўлмайди-дейди «Нуроний» жамғармаси Қорақалпоғистон Республикаси бўлими раиси Ж.Муятдинов.

-У кишининг одамийлиги, саховатпешлиги ҳақида кўп гапириш мўмкин. Ўзининг маблағи ҳисобига, ҳаловатидан кечиб, одамларга яхшилик қилгиси келади. Эътибор беринг, ўрнак олинг. Олланиез меҳнат таътили давомида қирқта оилага ҳиммат кўрсатиб, ўйли-жойли этди,

бошланғич мактаб қурилишига бош-қош бўлди, ҳамқишлоқларига тиббиет хонасини тортиқ этди.

Олланиез оға ҳали бардам. У «Нуроний» жамғармаси қошидаги «Саховат» фермер хўжалигини бошқариб, ажойиб натижаларни қўлга киритияпти. -М.Ботиров.

**«Алланияз аға жаратқан бағ»** Инсон ва қонун газетасы. 18.07.2002ж.

«...Нөкис районы «Нураный» қорының Кеңес баслығы Атамурат Даўлетмуратовқа жолығып Алланияз аға ҳаққында мақала жазбақшы екенлигимди айтқанымда, дейди. Ташкенттиң «Ҳуқуқ» газетасының хабаршысы Нуриддин Ақназаров. Ол киси қуўанып сала берди.

-Алланияз аға ҳаққында айтар болсам, ол киси Қарақалпақстан мақтанышы, елимиздиң ер-азаматы. Бул дүньяда жасар болса, адам нағыз әне усы адамдай болып жасаў керек!-деди. Атамурат аға Алланияз аға туўралы сондай йошып мақтаныш пенен бираз сөйлегенликтен, биз мәнзилимизге жетип келгенимизди де сезбей де қалдық. –Н.Ақназаров.

**«Серсоя дарахт»** Қишлоқ ҳаети 1.01.2004й.

«...Бу одам ҳақида ёзилажак мақолага шундай сарлавҳа қўйишга ҳақлимиз, деб ўйлайман. Чунки унинг қилган ишларини кўрсангиз, эшитсангиз, у ҳақда ёзилган мақолаларни ўқисангиз сиз ҳам худди шундай фикрга келишингиз шубҳасиз. Халқимизда «Сен учун бошқалар туш кўриб бермайди» деган нақл бор. Лекин ушбу гап бу киши учун айтилган гап эмас. У нимаики иш қилган бўлса, муҳтожларга, кам таъминланган оилаларга, етим-есирларга ёрдам беришни бош мақсад қилиб қўйган. Бу инсон қорақалпоғистонлик Ўзбекистон Қаҳрамони Оллониез Ўтениезовдир». Д.Улуғмурадов.

**«Саховатпеша инсон»** «Қишлоқ ҳаети» газетасы 4.09.2001-жыл. «...Алланияз Өтениязовтың студентлик жылларының өзинде күнине 300-400 килодан пахта терип, сол ўақыттың өзинде «комбайн» деген атаққа мияссар болғанлығы туўрысында айтады, Уақыттың ағар дәрья екенлигин, оны тоқтатыўдың ҳеш мүмкин емес екенлигин көрсетиў менен бирге кешеги таўды урса талқан қылатуғын ғайратлы жас жигиттиң бүгинги күнде Алланияз ата болып, үлкен ҳүрмет иззеттиң ийеси екенлиги ҳаққында газета оқыўшыларына билдириў береди» журналист Абдураҳман Искандаров.

**«Ҳәр заманға бир заман»** А.Даўлетмуратов. Нөкис 2005-жыл.

Ислам динимиз бул дүньяға шыққаннан кейин турмыс қурып жасаўдың ең жоқарғы мақсет мазмуны, өз қара басы ушын емес, басқалар ушын, жақын адамлары ушын, туўылған ели ушын, Ўатан ушын хызмет етиў керек деп көрсетеди.

Адам көбинесе пул, жай, машын алып, дүнья жыйнаўды материаллық байлықты көбейтиўди жақсы көреди. Бәрибир адамда руўхый байлығы болмаса, ол шын мәнисинде бахытлы бола алмайды.

Сонша бай, дүньялы болғаны менен оның ағайин-туўысқанларына жәрдеми тиймей, ҳеш кимге қайыр-сақаўат ислемейтуғын, баласы әкесине мийримсиз болып, байлықты көтере алмай оның айтқанын етпей жаман жолларға түсип кететуғынларын турмыста жийи-жийи ушыратып турамыз.

Алланияз Өтениязов пенен қоңсы тураман. Екеўимиз көп сөйлесемиз. «Азанда бүгин кимге жақсылық қылсам екен деп оянаман»-дейди Алланияз аға. Жазғы дем алыста ол жайы тозып қалған урыс қатнасыўшыларына, майып адамларға, қәўендери жоқ ғәрип-мүсәпирлерге қалыс хызмет етип жай салып берди. Ол адамгершиликтиң жоқары шыңына шықты.

**«Миллетин әлемге таныткан сақый»** Әмиўдәрья журналы №1-сан 2001ж.

«...Ол ҳәзирге шекем салған жайларының гербишин сатқанда да он дана ГАЗ-24 «Волга» машинасын сатып алған болар еди. Биразлар «чудак» деп күлип жүрди оның үстинен. Бирақ ҳаслында оның адамгершилик шыңына өрлеп баратырғанын ҳешким елестирген жоқ еди... Ол ақшаға емес, меҳрибанлыққа шөли қанбаған адам.

«...оның 150 мәмлекеттен қуралған ЮНЕСКОның «Мийрим-шәпәәт» конкурсына қатнасып, онда биринши орынды алғанын еситкенимде өзимниң уллы болғандай қуўанғанымды жасыра алмайман».

Айтып өтпекшимиз: Бундай материал басқа газеталардан да берилген. Илимий жумыс барысында тастыйықлаўшы фактлер таба алмадық. «Жақсы сөз ярым ырыс дегендей, усы китап баспадан шыққаннан кейин, тийисли шөлкемлер еледе Алланияз Өтениязовтың ислеген мийнетлериниң ҳүжжетлерин «Юнеско»ға усынады деп үмит етемиз.

1995-жылы Ашхабатда ҳүжжетли фильмлердиң жер-жүзлик конкурсы болып, онда Т.Қәлимбетовтың сүўретке алған «Меҳир» фильми биринши орынды алды.

«Меҳир»ди талықлаўға қатнасқан әлемге машхур режиссерлардың пикирлеринен:

Белостацкая. (Москва) «Меҳир» - бул дүньядағы үлкен дефицит болған инсаныйлық сезимди оятады...»

А.Абдулла. Киносценарист.(Татарстан) «Расын айтсам мен турмыста ондай адам бар екенлигине исенбеймен, ал бирақ мына киноны көрип исенбеўге илажым жоқ».

А.Котеночкин. Әлемге белгили кинорежиссер.Москва.

«Дүньяда адамларға бундай сақаўатлы меҳир көз бенен қарайтуғын, теңи-тайы жоқ, бул әжайып инсан ҳәммениң көз алдында мөрленип қалыўы тәбиййй ҳал. Мен дүньяны көп гезип жүрип, бундай инсанды ушыратқаным жоқ».

Мен Алланияз аға менен тез-тез ушырасып туратуғын болдым. Ол киси қырық жылдан аслам жаслардың устазы болғанлықтан мен оған өмирдиң ҳәр қыйлы тараўлары бойынша бир қанша сораўларды дөндирип таслағанымда ол: «мына дәптерден көп жыллардан берли айта алмай кеўлимде түйгенлеримди жазып жүрген сөзлеримнен пайдалана ғой» деп күнделигин узатты. Бул адам нағыз энциклопедия деймен өзимнен-өзим.

Шынында да Аллаоияздың қайырлы-сақаўат ислерин «Мениң инсаныйлық парызым» деп қудайын ойлаған адам ғана ислей алады. Ал «бәрибир ертең өлемен-ғо, бул дүньяда тек ишип-жегеним қалады» деўшилердиң көкирегине автомат тақасанда саўап ис ислеў шықпайды.»- М.Жийемуратов. Композитор.

**«Жонсабил»** Халқ сўзи газетасы. 16.08.2003ж.

«...Нимасини айтасиз, оғанинг ўткан кунлари ҳақида гап очилса, хозир ҳам кулиб қуядиганлар топилади. Негалигини бугинги ёшлар кўпам билишмайди. Ўзи бўлса, «одам зотиниям комбайн дейиш мумкинми?»-деб қулади ва изоҳ беради.

-Ишонмайсиз-да, исмимни чақириб сўрашса, кўплар танимасди, уша замонларда. Урганиб қолар экан одам. Лекин ростдан ҳам комбайн қилган

ишни қилганман. Фақат мени одам эмас, ўзимдан бошқа бир каттароқ куч-тузум бошқарган эди ушанда.

Қорақалпоғистонлик ёзувчи Ўразбой Абдурахмонов шундай ҳикоя қилади: «Бу одамни кўпдан бери биламан. Жуда кўп гаплашаман. Очиқ жайдори инсон. Кўнглини шундай кўриб турасиз? Ниҳоятда соддалиги сабабли, уни хатто алдайдиганлар ҳам чиқиб қолади. Парво қилмайди, қўл силтаб қуяди, «алдайверсин, мени алдаб қаергача боради»-дейди. Мен бир ижодкор сифатида айтмоқчиман, шу ўткан ўн икки йилда халқниниг Олланиез оғага ўхшаган ўз қаҳрамонлари чиқди. Энди ўлар ҳақида бизлар ўз сўзимизни айтишимиз керак». Нарқобил Жалел.

**«Ҳеш ким мендей дәртли болмасын»** Халық ушын газетасы. 8.04.1993-жыл.

«...Жалғызлықтан өтер дәрт жоқ. Бул ҳеш кимниң басына түспесин. Басына түскенниң шарасы жоқ. Мен усы жерде I-группа майыбы, хош ҳаўаз қосықшы Назира апа Дилимбетова ҳаққында гәп қозғамақшыман.

Ол майып болыўы менен бийперзент, жалғыз баслы апа, күйеўи ертеректе қайтыс болған. Районымыздың «Өрнек» колхозында жасайды. Назира апа бурын аўылымыздағы тозыўы жеткен гөне тамда отыратуғын еди. Буны еситип өз көзи менен көрген Алланияз аға Өтениязов оған еки бөлмели жай салып берди.

-Әттең.... бул күнимди де көп көрип, жайыма газден от тийип, ҳеш нарсем қалмай жанып кетти-деди ол аўыр гүрсинип. Маған жәрдем қолын созған аўыл адамларына алғысларым шексиз-деп қуўанды ол. Әсиресе Алланияз ағаға арнап жазған қосығын ядтан айтып бергенине узақ ойланып қалдым.

«Қус болып ушқанда талмас қанатың,
Ҳәмийше жүрискей бахыт-мурадың,
Дүньяға жайылды Алланияз атың,
Ислериңе бәрҳа табыс тилеймен.

Биреўлер бар көре алмайды исинди,
Қызғанады кудай берген күшинди,
Инсанлар дүзеңлер ақыл-есинди,
Ҳәммеге қайырқом Алланияз аға.» -Хатқа түсирген К.Арзиева.

27-январь 2006-жылы. Алланияз Өтениязовты тәғдир арамыздан алып кетти. Ел журт басшылары марҳумның шаңарағына кеўил билдирди.

«Алланияз Өтениязов».

Аяўсыз өлим «Өзбекстан Қаҳарманы», Өзбекстан Республикасы халық муғаллими, меҳрибан устаз ҳәм кишипейил инсан Алланияз Өтениязовты арамыздан алып кетти.

Алланияз Өтениязов мазмунлы өмир жолын басып өтти. Ол жас әўладқа терең билим бериў менен, оларды Ўатанды сүйиў ҳәм миллийлик идеясы руўхында тәрбиялаў исине салмақлы үлес қосты. Соның менен бирге әжайып инсаный пазыйлетлердиң ийеси, қайырлы ислердиң баслаўшысы сыпатында өзиниң саўаплы ислери менен ел-журт ҳүрметине сазаўар болды. Ол қараўсыз қалған ғаррылар, урыс ҳәм мийнет майыпларын ҳәм кем тәмийинленген шаңарақларға турақлы түрде қәўендерлик көрсетип, өз күши ҳәм қәрежети есабынан оларға үй-жайлар салып бериўге көмеклескен.

1999-жылы районда «Нөкис» хожалығы аймағында «Сақаўат» бағын жаратып, өмириниң ақырына шекем оны тәрбия қылды ҳәм журтымызға жәнеде абадан етиўдей ийгиликли жумысларға мүнәсип үлес қосты. Алланияз Өтениязов ел-журт алдындағы хызметлери, ибратлы ислери мүнәсип баҳаланды.

Әжайып устаз, жан күйер оқытыўшы, пидайы ҳәм кишипейил инсан Алланияз Өтениязовтың жарқын естелиги жүрегимизде бәрқулла сақланып қалады.

И.Каримов, М.Шарифхожаев, Э.Халилов, Ш.Мирзиёев, М.Ерниязов, Т.Жураев, Э.Бақыбаев, И.Юсупов.

«Халқ сўзи», «Еркин Қарақалпақстан» газеталары. 28.01.2006ж.

## Қаҳарман Алланияз ағаны жоқлап»

Сиз байтерек шақалары жайылған,
Бирге ислестик Сизге сондай қайылман,
Жас әўладқа мийрим-шәпәәт үйреттиң,
Сизиң барлық устазлардан айырмаң.

Сизден өрнек алар жаслар елимде,
Сиз жасайсыз бағы бостан жеримде,
Арамыздан кеттиң, әжелге ҳеш шара жоқ,
Мәңги барсаң, ҳадал инсан кеўлинде.

Нөкис районы №4-орта мектеп директоры Қалжан Қалбаева. 27.01.2006-жыл.

Алланияз Өтениязовқа жаратылыстың өзи руўхый жақтан күш-ғайрат, адамгершиликли, инсаплы болып жасаўды берди. Олда ата-бабамыздың мухаддес ислам динин ҳүрмет етти. Президентимиздиң дин ҳаққында атап өткениндей «Инсаныйлық меҳир-ақыбет, ҳадаллық, ақыретти ойлап жасаў, жақсылық, меҳир-шәпәәт сыяқлы халқымызға тийисли болған пазыйлетлер әйне усы негизде тамыр атады ҳәм раўажланады». Алланияз Өтениязовқа да усылай тамыр атты десек туўры айтқан боламыз.

Ертеректе Аланияз ағаның бир садақасына аўыл адамларын Тайыр мақсымның үйине киргизди. Садақаға жыйналған адамлар шай ишип сөйлесип отырды. Отырған адамлар Тайыр мақсымның баласы Әдилбайдан дийханшылықларың қалай, деп сорады. Сонда ол ҳәзирги дийханшылықтағы болып атырған қыйыншылықларды суўдың, азот төгинниң жетиспей атырғанын айтқанда Жолдас аға сөзге араласты.

-Сол сениң егип атырған жериңнен Алланияз мәккеге звено болып, азотсыз-ақ, билесеңбе қандай мәкке алды? 1963-жыл еди. Н.Хрущев жасларды баслама етип ҳәмме елге мәкке ектирди. Кейнинен мәкке жерди қырық гектарға апарды. Тек сонда оған билек етип колхоз Дүйсенбайды берип қойды. Тракторшысы Бекбаўлы еди.

-Алланияздай болмақ қайда? Онда қүдрет күш бар еди-ғо деп сөзге араласты-Жуманияз. Ол ўақытта трактор табыла бермейди. Сол жерлерди

арба менен, тачка менен арқалапта малдың қыйын төкти. Мәкке деген бес метрдей болды.

-Бир күни гүзде машын менен мәккениң қасындағы жол менен кетип баратыр едим, қара Волга машинада сол ўақыттағы Қарақалпақстан обкомының биринши секретары Н.Махмудов киятыр екен-деди Жолдас аға сөзин даўам етип. Мәккениң қапталына Волга келип тоқтады. Мен жол берип турдым. Волгадан Н.Махмудов ҳәм Қ.Камалов түсти. Мени шақырды. Мен барып сәлем бердим.

-Алланияздың мәккесиме? Өзин таўып кел-деди. Аллания́з мәккениң ортасында суў ашып жүр екен. Олар мәккени көрди. Мәкке деген теп-тегис узын болып өсип кеткен.

-Неше пощадка салып атыр деди- Н.Махмудов.

-Айырымларында 5-6 мәккеси бар,- деди. Махмудов арқасынан қақты.

-Ғайрат сала бер. Мен Ташкентке кетип баратырман. Сеннен енди Қ.Камалов хабар алып турады, деди. Багажниги ашық турған машынның артынан шоферы сары жип пенен оралған бир гилемди Алланиязға берди.

-Мен еле гилемге мияссар жумыс ислегеним жоқ, жолдас Махмудов деп гилемди машынның багажнигине қайтып салды. Олар бир қарап қойды да, машынына минип кетип қалды.

-Пай Аллания́з. Гилемди алыўың керек еди, дедим.

-Мен сонда Пединститутта «Биология» факультетинде оқып жүр едим-деди Исмайыл аға. Институттың 13-аудиториясында аўыл-хожалық егинлериниң ҳәр қыйлы түрлеринен әкелип көрсетип қойыпты. Менде Алланияздың мәккесинен бир баў алып, сыртына «Имелтинский сорты», бийиклиги 5м 10см. Куйбышев колхозы Аллания́з жаслар звеносынан»-деп жазып қойдым. Узынына сыймады, қыйсайтып кеселеп қойдым. Сонда мәккеден 1400-1600кг көк майса от-шөп алынды. Бул СССР бойынша рекорд көрсеткиш екен, деди Исмайыл аға. Тайыр мақсым сөзге араласты.

-Мен сонда колхозда завскладшы едим. Айтымбет баслық ферменің алдындағы навеске үлкен тәрези қурып берди. Комбайннан келген, адамлардың қолдан орғанларын тележкасы менен өлшеп алып турдым. Колхозда 400 қара мал бар. Таў бетке шуқыр қазып, мәккенисилосқа тасыды. Мәкке узын болып, моловилканың бойы жетпей қалды. Сол ўақта Қ.Камаловта келди. Қасында горком Сейтмуратов та бар. Тоқтап қалған

комбайынға Алланияз орағы менен мәккени орып қушақлап салды. Кейин ҳәмме орақ пенен, биреўлери балта менен мәккени комбайынға орып салды. Мәкке сондай қатты болды. Колхоздың ҳәмме адамын жыйнады. Қ.Камалов Аллониязға костюм-шалбар берди ҳәм рахмет айтты. Сол силос фермеге еки жылға жетти. Сүт план 150 процент орынланды. Москваға барып қайтқан Толыбай муғаллим, Аллониаздың мәккесин ВДНХда көрдим деп келди. Алланияз бенен мудамы бизлер қоңсы болып отырдық. Ол балаларға, әсиресе ғәрип-қәсерлерге жәрдем қолын созды. Усы аўылдың өзинен төрт адамға жай салып берди. Бир сомында алмады. Оны өзлериңизде көрдиңиз.

Ҳаялы Рысбийкеде дым мүсәпир, қақаң-суқаңы жоқ. Оныда Ибрайымның анасы таўып берди. Булардың сонда бир сум пулы жоқ. Алланияз мектептеги айлығында кәмбағал адамларға жумсап жибереди. Оған ҳаялы үндемейди. Мәкке болық болған соң Қ.Камаловлар көп келип турды. Ташкенттен Ш.Рашидов та келди. Оннан кейин Москвадан, Ташкенттен корреспондентлер де көп келетуғын болды. Москвадан келген орыс корреспондент салған жайларын, мәкке атызын сүўретке түсирди. Бала-шағаң менен де сүўретке алайын, деди.

-Өзиң ип-ири, ҳаялың дым кишкентайғо-деп айтып атыр қасындағы адамлар. Сонда Аллонияздың айтқан гәпи.

-Усы кишкентай, шунатайдай қатын болсада, мен оннан қорқаман. Соның айтқаны менен жүремен-дейди. Адамлар күлисип атыр. Сүўретке түсиўге Тилеўбайдың анасын Бийбиханды қасына отырғызды. Рысбийкени қарындасым дегендей етип шетке отырғызып, сүўретке түсти, деди Тайыр мақсым.

-Шараф Рашидовтың келгенин мен билемен- деди Жолдас «тәрнек». Мен оннан резинка етигин сорап алып, суў ашып киятыр едим. Бир ўақта Волга машыны келди. Машыннан Ш.Рашидов, Қ.Камаловлар түсти. Бизлер барып сәлемлестик. Мәккени көрди.

-Бунга қанча азот берасиз- деди Ш.Рашидов.

-Азотта табыла бермейди. Малдың дәрисин ҳәм навоз беремен, деди.

Анаў шуқыр тереңлиги киндикке келеди. Узыны ени 4 ке 4. Соны дәриске толтыраман. Қаладағы саночистка машынлары навозды қумларға

апарып төгип жүр, солар менен келисип шуқырдың ишин толтырып, үстинен мәккеге сүў айдайман-деди. Олар шуқырды барып көрди.

-Ол шөп қарабарақ деген өсимлик кебирде өседи, шуқырға соннан таслайман. Ол қыйды тез ширитип көбик шығарады. Бунын составында азот ҳәм калий дузлары бар. Ата-бабаларымызда сабын болмаған заманда кийимлерин усы шөптиң суўына жуўған деди -Алланияз.

-Сени туўған ата-анаңа рахмет. Ата-анаң барма?

-Үйимде жалғыз анам бар. Әкем фронтта қаза болған.

-Анаңа сәлем берейик. Ананды көрсет-деди Шараф Рашидов.

-Үйим усы аўылда. Жайым тозып тур. Қолым тиймей атыр. Өзим жайы тозып қалған ғәрип адамларға бийпул жай салып берип жүрмен-деди.

-Шунақами?-деди Ш.Рашидов. Үйине барды. Еки бөлме өжире, жайлары аңсақ-саңсақ. Қапысы да төмен қурылған. Ш.Рашидов ишке кирейин деп бир адымын атлап еди, басы тийип қалды. Аяғын кейин тартып алды. Зордан бир түбиретки табылды. Апасына барып: «Елдиң патшасы Шараф Рашидов келди»- деди. Ол дәстүрханын, нанын алып шықты. Ш.Рашидов анасына рахметлер айтты. Жағдайларын сорады. Ол тек Шүкир! Шүкир! дей берди. Олар наннан аўыз тийди.

-Бул жигит үйине қарамайды екен. Басқа биреўлерге жай салып берип жүргенбе? - деп сорады Қ.Камаловтан. Онда Аллаиязға өзиң жай салып бериң-деди Ш.Рашидов.

-Ертең маған бар. Қасыңа прорабты қосып жиберемен-деди Қ.Камалов. Соннан кейинги «Бытовой комбинат» тың адамларының салған жайы ҳәзирде турыпты.

Сонда Алланияздың мәккесин көриўге Хорезм, Бухара областларынан адамлар келди. Мектептиң қасындағы ҳәўиздиң бойына фанер менен қоршап шәртек қурды, сол жерде көргизбе болды. Қара талдың астында шайхана ислеп турды. Хийўадан Комилжан Атаниязов келип қосық айтты. Артистлер келди. Аўылда үлкен байрам болды, деди Жолдас тәрнек.

-Бизлер мудамы қоңсы отырдық. Оның күши кеўлинде. Онда қүдирет күш бар. Өзи қудайым берген адамда, деди Тайыр мақсым. Тайыр мақсым елимиздеги уллы улама Имам ийшанның қуўлығы болады. Нағыз ийман жүзли инсан. Ол ҳәзир сексен сегиз жаста.

Алланияз арақ ишпейди, папирос шекпейди, насбай атпайды. Иним намаз оқыйсаңба? десем бул күнлери қолым тиймейди. Үйге келсем уйқлап қала беремен. «Кеўилиң Аллада, қолың исте болсын» дегенғо Нақшбандий ҳәм Ахмед Яссаўий пирлеримиз, дейди. Мениң жумысымды жақтырмайтуғынусы аўылда еки басшы адам бар,олардың үйлериниң алдынан өтсем, шығып қалмағай деп, калима шаадет айтып өтемен деп күледи ол.

Институтта «Илимий коммунизм» деген сабақтан экзамен болды дейди. Сонда муғаллимниң биринши сораўы Қудай барма?-деп сорады. Ҳәмме қудай жоқ деп экзамен тапсырып шығып атыр. Менненде қудай барма?-деп сорады. Мен бар деп жуўап бердим, дейди. Мени экзаменнен жығып жиберди. Бир ҳәптеден соң муғаллимге және бардым. Маған басқа сораў бер тапсырайын, мен енди стипендиясыз қаламанба?, десем тыңламады. Мен институттың ректоры Сабыр аға Камаловқа бардым. Сабыр Камалов ол муғаллимди шақырып алып айтты. Динге исениў, исенбеў ҳәр бир адамның өзиниң еркинде болады. Ондай етип экзамен алма, пән бойынша сора, деди. Сөйтип стипендияға илестим деп айтып отыратуғын еди. Жайы жәннетте болсын. Алланияз зор адам еди, деди Тайыр мақсым.

-Ол кисиниң адамгершиликли, кең пейиллигин, жақсы адам екенин, соннан бил, райкомлар, обкомлар саўға берсе, саўғасын қасындағы адамларға береди, деди Исмайыл аға. Биринши курстаман. Growth Пединститутты Тахтакөпир районына пахта териўге апарды. Сонда Бөрши таўдың түбинде бир колхоздың баслығы сол аўылдағы пахта тергиш Қатша деген ҳаял менен Алланиязды жарыстырды. Сонда Алланияз бир күнде 330 кг, пахта терип, қасындағы ҳаялдан 35 кг өтип кетти. Райком Усақов Алланиязға гежи орамал берди. Ҳаялға пул берди. Алланияз гежи орамалды Қатшаның басына салды. Соннан кейин Н.Махмудов келип, Алланияздың пахта тергенин көрип, қолындағы саатын шешип берип кетти. Ол саатында өзи тақпады, биреўге берди. Тахтакөпирден баслап ол комбайын атағын алды-деди Исмайыл.

-Шамурат ағаның жай көмегинде кешке қарай бизлер көп ылай шығарып қойдық. Соны азанда Алланияз аға келип песинге дейин гербиш қуйды. Санап көрсек бес мың еки жүз дана гербиш қуйған екен. Бизлер ҳайран қалдық оның қудирет күшине, деди Ешбай бригад.

-Бердах совхозында Алланияздың 1000 кг гөрек тергенин көрип Қ.Камалов костюмын Алланияздың ийнине илдирген. Мынаны маған Қ.Камалов кийгизип еди деп, мектепке кийип келгенин көрдим-деди Байман муғаллим. Мектепке не керек болса, сол Аллания з араласып Районлық Халық билимлендириў бөлимине, министрликлерге барып директордың алдына түсип жүрди. Алланияз әсиресе балаларды жақсы көретуғын еди. Өзи салып берген балалар бақшасына 1-июнь балалар күнине базардан ойыншықлар сатып алып, соны саўға етип апарады, деди Байман муғаллим.

-Казбеков райком ўақтында оған «Москвич» машынын берди. Өзи айдамады, бәрҳа пияда жүреди. Баласы Әжинияз кишкентай. Оны бәрқулла қоңсымыз Шамурат айдады. Ол аўылға орталық машын болды. Ким тойға, мерекеге барғысы келсе, Алланияз айтады, бензинин қуйып кете бериң дейтуғын еди-деди Тайыр мақсым.

Тайыр мақсымдағы елти шешемде сөзге араласты. Бир жыллары өзиниң аўылы Түбек бетке пахта екти. Пахтасы зор болды. Ол ўақытта пахтаның пулына завод гүнжара, салы берди. Есигиниң алдында үйилип жаты. Қоңсыларға өзи ала бериң дейди. Сонда ҳәр қоңсыға еки қалта салы, ярым қалтадан гүнжара берип шықты. Бизиң Әдилбай үлкен еки салы қалта апарыпты. Оған үйинде отырған қәйин енеси «Ҳаў мына баланың қалтасына қара.Үлкенғо-деди». Сонда Алланияз. Алаберсин. Үлкен хожалық булар, дейди. Аллатаала Алланияздың кеўлине берген.

Райподан оған «Урал» мотоцикл берди. Оны өзим айдап көрейин деп, өзиниң баспағын дүгип алды. Оныда қала бетте бир мақсымларға берипти деп еситтик. Ол адамларғада меҳрибан еди. Аўылдағы Аметалиниң баласы Жеделбайдың еки көзиде әззи, тек жолын таяқ пенен силтеп жўреди. Соған ВТЭК III-группа берип қойды. Алланияз соған араласып докторлар менен сөйлесип, жағдайларын түсиндирип, I-группа алып берди, деди Тайыр мақсым.

- Бурынғы аўылдың баслығы Жолдас аға да айта беретуғын еди. Алланияз маған көп жәрдемин тийгизди, деп баслады сөзин Дүзел баслық.. Соңғы жыллары Қызкеткенде суў таңсық болды. Лимит пенен ишемиз. Суўға Алланиязды араға салып, Қызкеткен каналы директоры Балтабаевқа барып, еплеп үш күнге рухсат алдық. Енди насоздағы тоғымызды өширип

таслапты. Электросеттиң баслығының үйине азанда  Алланияз аға менен бардық. Тыңламады пулын төлең деди. Совхозға банктен пул түспей атыр. Памидорлар, капусталар шөлден өлип атыр. Алланияз Совет Министрине кирди. Сөйтип суўғарып алдық. Берекет тапсын. Аўылда водопроводтың суўыда жазда жарымайды, газде қыстың күни жетпей қалады. Алланияз ағаға айтаман. Яқ демейди. Маған да ол кисиниң көп жәрдеми тийди-дейди ол.

Үйге бир күни ағамның Орақ Балғадағы танысы Барлықбай молла келди. Төсек салдым шай әкелип қойдым. Алланияз аға жөнинде ол ағама мыналарды айтып берди.

-Ол бир қудай берген адам еди. Мен Беларус трактор айдайтуғын едим. Ҳәр ўақта жәрдем бер иним деп келип турады. Атыздың басында бир күни дем алып қаўын жеп сөйлесип отырдық. Ол сөз баслады. «Усы жерде 1963-жылы жаслар звеносы болып мәкке ектим-деди. Мәкке деген зор болды. Ш.Рашидов келип рахмет айтты. Жай салып берди. 1964-жылы Хрущев жумыстан түсип қалды. Соң маған колхоздың баслығы енди мәкке екпеймиз, помидор егемиз деп жерлеримди алып қойды. Қырық гектарға барып еди. Ҳеш болмаса бес гектар жер бер, менде помидор егейин десем колхоз баслық тыңламады. Бар-баратуғын жериңе, дейди. Маған Рашидовлардың келгенин неге айтпадың деп өкпелеп жүр екен. Нөкис Горкомы Сейтмуратовқа барсам, олда колхоз адамлары егеди, сен мектебиң менен бола бер дейди. Қ.Камалов ол ўақытта жоқ еди. Ташкентке тап Ш.Рашидовқа барайын дедим. Мектеп директорынан үш күнге жуўап сорасам бере алмайман Районлық Халық билимлендириў бөлиминен сора, дейди. Районлық Халық билимлендириў бөлимине Ташкентке баратуғын едим десем де рухсат бермеди. Онда жумыстан шығасаң дейди. Ташкентке уштым.  ӨзЛКСМ биринши секретары Р.Абдуллаеваға бардым. Оны жыйналысларда көрип жүр едим. Ол мени қабыл етти. Жағдайларымды айттым. Ертең өзим алып бараман. Бүгин мийманханада жатып дем ал, деди. Душқа түстим. Таза костюм-шалбар, көйлек, галстук, туфли берди. Ертеңине таза кийимимди кийип, галстук тағып Ш.Рашидовтың кабинетине бардық. Ол киси мени жақсы күтип алды. Аҳўалларымды, мәккени сорады. Бәрин айттым. Жеримди алып қойды. Мен егин екким келеди, дедим. Ол телефонды көтерип Қ.Камалов пенен сөйлести:

-Маған адамлар әмел, машын сорап келетуғын еди. Алланияз Өтениязов жер сорап келди. Дийханшылық етемен дейди. Қарақалпақстанда жер азба? Оның дийханшылық етиў қолынан келеди. Онда оның тәжирийбесин Ферғанада ислетейикпе - деди. Мениң хабарым жоқ жер беремиз. Шәраятта жасап беремиз. Жай салып бердик өткен жылы-деди Қ.Камалов. Телефонды орнына қойды.

-Алланияз! Сизге рахмет жер береди. Мийнетинди көрсет халыққа. Биз Сиздей жасларды қоллап-қуўатлаймыз. Жумысың питти енди қайта бериң. Табыслар болсын-деди Ш.Рашидов.

-Мен үш күн болды сабақтан қалып қойдым. Рухсат сорап едим бермеди. Мени Районлық Халық билимлендириў бөлими, мектеп директоры жумыстан шығарыпта қойған шығар-дедим.

-Шығармайды. Мына қағазды көрсет Районлық Халық билимлендириў бөлими баслығына деп өзиниң визит карточкасын берди. Рахмет айтып қайтып кеттим. Азанда мектепке барсам мени жумыстан шықты деп коридорға буйрық илдирип қойыпты. Районлық Халық билимлендириў бөлимине барсам жумыстан шықтың, деди. Мен Ташкентке бардым Ш.Рашидовқа кирдим десем инанбады.

-Сени Ш.Рашидов не қылсын, деп қайта күледи. Визит карточкасын көрсеттим. Оның көзлери аларып кетти. Өзи келип мектеп директоры менен де сөйлесип буйрықты алып, мени жумысында ислей бер деп кетти. Колхоз жер де берди. Палыз ектим. Помидорлар ҳәр қайсысы кесадай зор болды.

Гүзде район бойынша ҳәмме муғаллимлерди жыйнап пахта теримине айдады. Пахтадан күнине 300-350 кг пахта терип жүрдим. Ал гөректен 700-900 кг тердим. Адамлар мени «Алланияз комбайын» деп атады-деди ол.

Алланияз Өтениязов жөнинде «Дача жер» беттеги қоңсымыз Толысбай аға, мениң ағама мыналарды айтыпты:

-Өзимде Алланияз ағада оқыдым. Ең жақсы көретуғын устазым еди. Жақсы тәлим-тәрбия берди. Соң менде дийханшылыққа араласып кеттим. Атызда екеўимиз ҳәр ўақта сөйлесип турамыз. Гәптен гәп шығып, сонда маған Алланияз ағаның айтқаны ҳеш ядымнан шықпайды:

-Толысбай иним! Дүзде жүрип жаў қайтарсанда, тас қопарсанда, мынандай салма қазып шаршап үйиңе өлейин деп барсанда, ергенегиңнен

кирип, есигиңниң алдында үстиңниң, ботинкаңның шаңларын қағып, ашыўынды, шаршағанынды да билдирмей үйиңе күлим шырай берип кир. Сонда сениң менен бирге берекетте киреди деди- Алланияз аға.

Алланияз аға сөзге де шебер еди. Оның үстинен аўылда қызық анекдотларда көп.

Ертеде Нөкис совхозында Марксбай деген бөлим баслығында аўылдағы мектептиң оқыўшылары гүзде картошка қопарып атырған. Муғаллимлер басында болып, ҳәр он күннен алмасып турады екен. Сонда Алланияз аға мүддети питип, үйине қайтатуғын болғанда Марксбай сорапты.

-Пай Алланияз аға. Сиз бола бергениңизде яхшы еди. Енди ким келеди орныңа?- деген.

-Мениң орныма я қоян, я шағал, я түлкилерден биреўи келеди депти. Сонда қасындағы бир адам. Сизиң лақабыңыз ким?-деп сорапты.

-Жигитиң арыслан. Арыслан-деп жуўап берипти Алланияз аға. Ол аўылда ҳәмме адамлардың лақабы бар. Тәрнек, шайбас, көсе, суўпы, кәл, доббы, кетик, гүўтин деген де лақаблар бар деп күледи екен Толысбай досты.

Бүгинги күнде мектеп тәлим-тәрбиясында жасларымызды илим, техника, технология, экономика ҳәм мәденияттың раўажланыў дәрежесин үйретиў менен бирге халықлық педагогикадағы миллий тәрбиямызды жаслар санасына синдирип барыў ўазыйпасы турыпты.

Миллий педагогикамызда саламат әўладты ҳәр тәреплеме үйлесикли раўажландырыўдың факторларын түсиндириў менен бирге оның айқын мысалы ретинде Алланияз Өтениязовтың ислеген мийнетлерин, педагогикалық көз-қараслары менен тәлим-тәрбиялық хызметлерин көрсетиўимиз орынлы деп есаплаймыз.

Бундай мийнет сүйгиш педагок инсан менен мектеп оқыўшылары ҳәмжоқары оқыў орынлары студентлериниң ушырасыўлары болып турды.

Алланияз Өтениязовтың қаҳарманлық ислери айтып өткенимиздей өз дәўиринде баспа сөз бетлеринде үлкен-үлкен тартысыўларды пайда етти.

Москвадан шығатуғын орайлық «Правда», «Комсомольская правда» Семья газеталарында А.Өтениязовтың педагогикалық ҳәм қайыр-сақаўатлы әжайып ислери жөниндеги материаллар басылып шыққаннан кейин СССРдың көпшилик республикаларынан ҳәмде шет еллерден

А.Өтениязтың атына көп хатлар ҳәм телеграммалар келди. Сол хатлардың айырымларының қысқаша мазмунын айтып өтпекшимиз.

**Фидель Кастро**. Куба Президенти. «Сиз адамгершилик мийнетиңиз бенен барлық адамлардан жоқары турасыз. Сизиң бул мийнетлериңиз жас әўладларды тәрбиялаўда үлги болады. Мен Сизди мойынлайман». Ф.Кастроның хаты «Әмиўдәрья» 2001-№1-сан.

**Сапун.Х.** Аргентиналы миллионер. «Менде төрт мың адам жумыс ислейди, байлығым көп. Бирақ мениң байлығым, сениң байлығын қасында ширик байлық. Сениң инсаныйлық руўхый байлығың ҳеш өлмейди, ширимейди, мәңги қалады. Сениң еткен бул хызметиң дүньяда үлкен жаңалық болды. Оқып көрип ҳайран қалдым. Маған үлкен түртки болды. Менде қайыр-сақаўатлы болыўға бел байладым. Мениң үш саўалым бар сизге. Соған жуўап бериўиңизди өтиниш етемен, депти.

1. Бул ислерди өзиңиз ислейсизбе я биреў исле деп айтама?

2 .Сизде қандай күш бар?

3 Жергиликли халық Сизиң бул ислериңе қалай қарайды?

Алланияз аға ҳәммесинеде жақсы жуўап қайтарып жиберди. Әсиресе мийнетлерим баҳаланып, Президентимиздиң қолынан «Өзбекстан Қаҳарманы» атағын алғаным мен ушын үлкен мақтаныш деп жазды.

**Муслим Могамаев.** Эстрада жулдызы. «Ҳүрметли муғаллим. Сизди ҳәм шаңарағыңызды 1-май байрамы менен қутлықлайман. Терең ден-саўл.ық тилеймен. Өзиңиздиң қайыр-сақаўатлы ислериңизди, бар ақыл талантыңыз бенен даўам еттире бергейсиз. Ал Сиз XX-әсирдиң Прометейн биологиялық радио толқынында «жаўыз» бенен байланыстыраман. «Жаўызғ орнында мен артист Муслим Могамаев. Телеграмма. Москва. 29.04.1991ж. (Прометей қудайдан от урлап адамларға жақсылық ислеген грек мифологиялық қаҳарманы. Соның ушын оны Зевс тас, таўға отыз мың жыл байлап қыйнайды. Прометейди Геракл азат еткен).

**Алла Пугачева.** Эстрада жулдызы «Мадонна» «Сизиң қалыс хызметлериңиз маған үлги. Сиздей адамның елимизде бар екенлигине қуўанышлыман. Халыққа бийпул ислеп атырған мийрим-шәпәәтиңиз алдында бас ийемен. Сизге ден-саўлық тилеймен. Рахмет».Хат. «Әмиўдәрья» журналы 2001- №1-саны.

**А.Рязанов.** Еки рет. Советлер Союзы Қаҳарманы.

«Муғаллимлер қуралтайына келсең баландыда ала кел. Бизиң шаңарақтың есиги қаншама боламан десең де Сизиң ушын ашық».Хат. «Әмиўдәрья» журналы 2001 №!-саны.

**В.Кличко.** Бокс бойынша жер жүзи чемпионы. «Сизиң 30-35 жыллық қайыр-сақаўатлы мийнетиңизди өзимниң жер-жүзлик рингте қарсыласыма қаратылған 30-35 минутлық гүреске түсер алдында, Сизди ойлайман ҳәм көз алдыма келтирип, Сизге исенемен. Сол ўақытта өзиме күш-қуўат топлағандай сеземен ҳәм жеңиске ерисемен». «Әмиўдәрья» №1-сан 2001-жыл.

Бул келтирилип өтилген қатарлардың барлығында қаҳарманның бундай ерлик ислерин дүнья бойлап тән алған адамлардың санын биразға созыўға болады».

Бул берилген баспа сөз материалларынан тысқары Алланияз Өтениязов туўралы **«Солдат ўәсияты», «Аўыл баҳадыры», «Жигирмаланшы имарат», «Жаўынгердиң перзенти», «Темасы табылмаған очерк», «Ҳәммениң ықласын урлаған инсан», «Мақтаўға арзыйды», «Мийнеткеш инсан», «Аңызға айналған адам», «Балалар-келешегимиз», «Ушырасыў болды», «Сизиң қалыс хызметиңизди билмеген бизлер айыплы», «Алланияз Өтениязов пенен ушырасыў», «Мийрим-шәпәәт келди», «Тепло твоих ладоней», «Жақсыға ҳүрмет көп болсын», «Топырағың торқа болсын Палыш ана», «Қолларың дәрт көрмесин Алланияз аға», «Бул күнде қайдасыз, Алланияз аға», «Аллаяниздай азаматлар көп болсын», «Алланияз бола алмасақта», «Бизиң дәўиримиздиң қаҳарманы», «Алланияздың 41-инши имараты», «Кеўли Каьбадай ийманлы инсан», «Хожан аўыл» балаларының қуўанышы», «Бизиң аўылдың Алланиязлары қайда екен…», «Кеўли бәҳәр - қолы гүл инсан», «Қаҳарман муғаллим», «Исми әпсанаға айналған инсан», «Алланияз аға тағы бағ жаратып атыр», «Қарақалпақстан.. Путь реформ», «Инсан мийнетине орынлы баҳа», «Қаҳарман бағы қәд көтерди», «Творит добро его призвание»,** басқада бир қатар баспа сөз бетинде жәрияланған мақалалар менен очерклерде қаҳарманның көпке үлги болған ислерин мақтаныш етеди. Оның ислеген хызметлери ҳаққында жазыўшы-шайырларымыздан тартып, ҳәттеки мектеп жасындағы ҳәўескер шайырларымызда өзлериниң қосық қатарларын усы инсан мийнетлерине арнап, оған өзлериниң шексиз миннетдарлығын билдирген.

Қарақалпақ халқының белгили шайыры Толыбай Қабуловтың Қаҳарман мийнетлерин тәрийплеп жазған **«Комбайн»** қосығында:

Салған жайларыңыз көбейе берсин,
Сендей «комбайн»лар дүньяға келсин,
Сиздей мийнеткешлер пахталар терсин,
Тынып-тыншымайсыз Алланияз аға,-

Шайыр, Базарбай Сейтаев Алланияз Өтениязовқа арналған өзиниң арнаў қосықлары менен жаңа жыл ҳәзиллериниң биринде мынадай қатарларды келтиреди.

«Сен қай ўақта қыйынлықтан тайсалдың,
Мудам саўап ислеп, көпке ой салдың,
Ғәрип-қәсерлерге ғамқорлық етип,
Қырық еки шаңараққа бийпул жай салдың.

Буны дурыс түсинерме пул ушын,
Нәпси ушын жоғалтқанлар тынышын,
Бес балаға бес «Нексия» енши етип,
Жай салғанлар бақшадағы улы ушын.

Ылайын пәкликтен қарып ийлеген,
Бундай инсан ялғаншыға бир келер,
Оның күши болғанында басқада,
Жай сатып-ақ болар еди «миллионер».

Ал, белгили шайыр Оразбай Сәтбаев төмендегише етип тәрийплейди.

Қайғырғаннан жетим-жесир ғәрипти,
Иске салдың сегиз көзли қәлипти,
Жазы менен гербиш қуйып жай салып,
Ырза қылып киятырсаң халықты.

Қолың сениң мийнет пенен қабарған,
Шашың сениң мийнет пенен ағарған,
Усы мийнет Сиздей себил инсанды,
Мәртебеге бөлеп еткен Қаҳарман.

Көксиңизде «Алтын жулдыз» жанып тур,
Сизди бүгин пүткил әлем танып тур,
Бир кемисиң китабынан Гиннестиң,
Орын ийелеўиң ғана қалып тур.

Каҳарман болғаннан соң қутлыклап қайтайық деп республикамызда белгили художник Б.Серекеевке айттым - деп еслейди фото-журналист Исмайыл Матжанов.Ақсақалға қуры қол бармайық деп ол өзиниң «Каттағар көринислери» деген пейзаж картинасын алып жүрди. Бизлерди көрип Алланияз аға қуўанып қалды. Бираз сөйлесип отырдық. Қайтарда бизлерге пәтиясын берди ҳәм екеўимизгеде еки узын шапан жапты. Мен оларды сүўретке алдым ҳәм соңында үлкен етип портретин ислеп бердим, деди Исмайыл. Усы китаптағы сүўретлердиң көбисин маған Исмайыл берди.

Алланияз Өтениязов 42 жыл даўамында 36 шаңараққа имарат, еки жерден орта мектеп, еки жерден бала бақша, және еки жерден шыпакерлик пункт жайларын баласы Әжинияз бенен екеўи 42 имарат салып, инсаныйлықтың жоқары шыңына шыққан, дүньяда сийрек ушырасатуғын қайыр-сақаўатлы адамның бирине айналды.

Алланияз Өтениязов өз өмири даўамында қалыс жәрдем етип, 174 шаңарақтың жайын капиталлық ремонт иследи. Бәрин есаплап қарағанда салған жайларына 960.000 гербиш қуйған.

1999-жылы Нөкис районындағы Нөкис хожалығынан «Сақаўат» фермер хожалығын ашып бағ екти ҳәм оған басшылық етти. Өмириниң ақырына шекем бул бағты тәрбиялап, камалға келтирди. Енди бағлары миййе бере баслады. 2011-жылы бурынғы Куйбышев бөлими Нөкис қаласы территориясына өтип, «Алланияз Қаҳарман» атындағы Мәкан пухаралар жыйынына айналды. «Сақаўат» фермер хожалығы енди Нөкис қалалық «Нураный қоры» қәўендерлигине өтти. Жақында қалалық «Нураный қоры» баслығы Искендер аға Шагилов бағды көриўге келди. Жумысшылар менен гүрриңлести, жағдайлары менен танысты. «Сақаўат» фермер хожалығы баслығы Әжинияз Өтениязов телевидение арқалы сөйлеген сөзинде былай деди: Нөкис қаласы ҳәкими Ш.Алланазаров тәрепинен көп жәрдем берилип

атыр. Жақында және бир суў насозын қурып, иске түсирип берди. Енди бағ ҳәм палыз атызлары ўақтында суўғарылып турыпты. Ҳәкимият тәрепинен бағқа және де, 2,5 гектар жер қосып берди. «Нураный қоры» басшылары бағдың сыртын қоршалап бериўге ўәде берип атыр. Быйыл бағда миййўе мол. Бүгин бир машын пискен миййўелерди Хожелидеги «Меҳрибанлық үйи»не тапсырып қайттық, деди өз сөзинде Әжинияз Өтениязов.

Кешеги өткен дәўирде жақсылық ислеўдиң өзиде бир қарақаншылық еди. Ҳаў, ғәрип адамның тозған жайы қырық тесик болып жамғырдың астында қалып атырса, буған адамның ҳүжданы қалай шыдайды. Қысқасы, ҳүждан ҳәмирине шыдамай, қолыма бел, кетпенимди қалай услағанымды билмей қала беремен,- дейди Алланияз аға.

Жоқарыдағы баспа сөз бетлеринде жазылған материалларда ҳәм А.Өтениязовтың атына келген хатларда оның адамгершилик руўхындағы мийнетлерине ҳәммеси де ҳүрмет ҳәм миннетдаршылық билдирип, жәнеде табыслар тилеп жазған. Жас әўладты мийнет сүйиўшиликке тәрбиялаўда А.Өтениязовтың өз тәжирийбелерин педагогикада кеңнен қолланылса, әҳмийетли ис болады деп исенемиз.

# IV. Алланияз Өтениязовтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлериниң ҳәзирги дәўирдеги билимлендириў нәтийжелилигин жетилистириўдеги әҳмийети

*«Ваши поступки значат гораздо больше, чем любая методика»*
*Амонашвили.Педагок-новатор.*
*Всесоюзныи сьезд учителей Москва 1988г).*

Ҳәзирги дәўирдеги билимлендириў нәтийжелилигин жетилистириўдиң тийкарғы дереклериниң бири бул «Билимлендириў ҳаққында» ғы Нызам талаплары менен «Қәнигелер таярлаўдың Миллий бағдарламасы» ўазыйпаларының толық орынланыўы болып табылады. Бул талаплардың орынланыўында әлбетте мектеп муғаллимлериниң тутқан орны өз алдына.

Елимиз Президенти И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият жеңилмес күш» китабында мынадай деп келтиреди.

Биз елимизде жаңа әўлад, жаңа ой-пикир ийелерин тәрбиялаўдай жуўапкерли ўазыйпаны атқарыўда биринши гезекте усы машақатлы кәсип ийелериниң мийнетлерине сүйенемиз. Ертеңги келешекке орнымызға келетуғын жаслардың руўхый дүньясын қәлиплестириўде олардың хызметиниң теңи жоқ екенлигин жақсы көз алдымызға келтиремиз»,- деп атап көрсеткен еди.

Ҳақыйқатында да елимиз басшысының берген бул баҳасынан усы кәсип ийелери болған муғаллимлердиң жумысларында жаңа ўазыйпаларды жүклейди.

Бүгинги муғаллим кешеги муғаллимнен жаңа мазмундағы сабақлары менен өзгешеленип турады.

Ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде жас әўладларымыз дүньялық стандарт көлемине сай билим алыўы ушын барлық материаллық ҳәм техникалық мүмкиншиликлер жаратылған болып, ҳәр бир мектеп қайта қурылып, ўақыт талабына сай жетилистирилмекте.

Алланияз Өтениязов заманагөй мектеплерде билим алып атырған оқыўшыларымызға дәўир талабына сай сабақлар өтиў ушын барлық

шараятлар жаратылғанлығын айтыў менен бирге, муғаллим бәрқулла өз үстинде ислейтуғын педагок болыўы тийис екенлигин көрсетип өтеди.

Алланияз Өтениязовтың билимлендириў нәтийжелилигин жетилистирип барыўдағы тийкарғы көрсетпелериниң бири бул - бүгинги күни мектеплеримизге алдыңғы педагогикалық технологиялардан пайдаланып сабақ өтиў, электрон сабақлардан пайдаланыў, аралықтан оқытыў, интернет тармақларынан мағлыўматлар алып барыў, лингафон, компьютер кабинетлеринен пайдаланып сабақ өтиўдиң абзаллықлары туўралы өз пикирлерин берип барды.

Президентимиз «Ҳәр бир педагог ертелеп интернеттен дүнья жаңалықларын (экономикалық, сиясий, мәдений)өзи көрип сабақ баслар алдында оқыўшыларға соннан қысқаша мағлыўмат берип барыўы керек, деп көрсеткен еди. Буның ушын барлық мектеплерде шәрият бар екенин Алланияз Өтениязов қуўаныш пенен айтар еди.

Алланияз Өтениязовтың атап көрсеткен пикирлериниң бири Өзбекстан дүньяның басқа еллеринде ушыраспайтуғын устазлардың байрамы улыўма халық байрамына айналып, бизиң муғаллимлер ушын айрықша ҳүрмет ҳәм қуўаныш екенлигин келтирип өтеди.

«Устаз атандай уллы» дегениндей ата-аналар өз перзентлерине шаңарақ тәрбиясын берип қатарға қосатуғын болса, ал муғаллимлер илим-билим, кәсип-өнер үйретиў менен бирге тәлим-тәрбия береди.

Ол, «Маған усындай жол-жоба тәлим-тәрбия берип, ислеген хызметлериме тилеклес болған устазларыма миннетдаршылық билдириўди мақул көрдим.

Мениң жоқары оқыў орнында билим берген устазларымнан Сабыр Камалов, Пирназар Қурбаназаров, Жалғас Алламуратов, Алғазы Бекбасов, Рабига Тимашева, Турдымурат Бекимбетов, Тәжен Изимбетов, Бахый Сапаров, Жуманазар Базарбаев, Жамила Хасановаларға өмир тәжирийбемде шексиз миннетдаршылығымды билдиремен» деп жазады өзиниң тәжирийбе китабында.

Динимиз ҳаққында ол мыналарды жазып қалдырған.

А.Югнакий қайыр-сақаўатлық пикирлери бойынша былай деп келтиреди.

1.«**Дүньядағы ең нуқсансыз атақ, сақыйлық.**

2. **Адамлардың ең жетиги - сақый адам»,-** деп көрсетеди.

Қураны Кәримниң «Қасас» сүресиниң 77-аятында «**Алланың саған сақыйлық қылғанындай, сенде Алланың бенделерине сақыйлық қыл»,-** делинген.

**Нәпси ҳаққында.** Алланияз Өтениязов былай жазған. Биреўге зыян болса да тек өзиниң нәпсин ойлаўшылар да бар. Т.Қайыпбергенов нәпси ҳаққында былай деген еди: «Бизиң заманымызда нәпсисине күши жетпейтуғынлардың саны көбейип кетти. Ондайлар оғыры аянышлы. Көзлеринде де, өзлеринде де меҳир-муҳаббат ушқынлары жылтырамайды. Ушқынсыз көзлерге қараў-да жеркенишли. Олардың өзлериде пәклердиң көзлерине тик қарай алмайды. Көпшилигинде ҳәтте уяттың изи де қалмаған. Адамлар Аралды солардың себебинен өлди деп айтып жүр».

Президентимиз маған өз қолы менен биринширер қатарында «Мийнет шуҳраты» орденин тақты. Мен усыған, күн-көрисиме мың қәтле шүкиршилик етип жасап атырман-дейди Алланияз аға.

**Қарақалпақстан телевидениеси «Мүнасибет» көрсетиўи. 2010-жыл.**

-«Сақыйлық, қайыр-сақаўатлы болыў адамға Алла тәрепинен бериледи. Ҳақыйқый сақый адам деп Алланияз қаҳарманды айтса болады. Оған жай сал дегениң менен жай салмайды. Ол кеўлине келгенине салады. Онда адамларда сийрек ушырасатуғын өзинше руўхый сезим бар». Академик Ж.Базарбаев.

Руўхты, руўхый күшти ҳәзирги заман илимпазларыда мойынлайды. Англия ҳәм Америка илимпазлары 2010-жылы илимий лабораторияда адам өлгенде оның денесинен руўхтың шыққанын ҳәм салмағы 0,8 грамм екенин анықлаған. Руўхтың нур болып шығып фото пленкадағы изин көрген. Илимпазлар руўх бар, ол материяның бир түри деген жуўмаққа келген. Ал, 2002-жылы Англияда Кембридж университети илимпазлары адам организмине қызықлы тәжирийбе өткерген. Олар 67 адамды клиникалық жол менен өлтирип, соң тирилткеннен кейин, олардан не көргенин сораған. Сонда 67 адамның 64 ти өлгеннен кейин денесинен ажыралып шығып, жақты тәрепке ушқанын айтқан. Ал, қалған үшеўи анық бир нәрсе айта алмаған.

**Қарақалпақстан радиосы.** К. Шамуратов корреспондент. 21.05.2011. Микрофонда Әмиўдәрья районы Кийиккөпир қишлоғидан Турдибой Базарбоев. «Мен 1958-йили Нукус пединститутининг чет тиллари факультетини Алланиез билан ўқишга кирдим. Ҳам дўст, ҳам суҳбатдош бўлдик. У энг олийжаноб, саховатли, мард инсон эди. У одамларга еш болаларга меҳр - муҳаббатли бўлди. Бир йиллари орқа районларнинг бирида пахта теримига бордик. Совхоз директори бизларга бир гуракли отизни берди. Мен айтдим ўтиздай хонар керак, келтириб беринг. Бу киши комбайн, дедим. Кечқурин торазига йигирма олти хонар гуракни ўзим қўлим билан ўлчадим. 1230 кг чиқди. Пахтага пўл тўлайди. Бригадирдан у, бу қишлоғда камбағал, ердамга мухҳтож одам борми?-деб сўради. Бир қарияга бориб пўлларини берди. -Ҳа нима қилияпсан?- дедим. -Хай жўра. Бизлар муаллимлар инсоний бўлишишимиз керак. Одамларни инсонпарварликка ургатишимиз керак,- дейди. Оллоҳ унинг рухини шод етгай. Зўр инсон еди. Президентимизга катта рахмат, қаҳрамон унвонини берди. У ҳақиқий қаҳрамон эди».

**- Бул ким,**
**- Яки, Дон Кихот па, яки Сейданба,**
**Яки, Фарҳад па екен-таўды қопарған,**
**Жуўап тапқандайман усы сораўға,**
**Аты ҳаўазасы елде жаңғырған,**
**Ол- Алланияз еди- Қаҳарман.** **Ж.Бегимов.**

Тап усындай пикир «Комсомольская правда» газетасының 23.11.1990-жылғы «Добрый человек из Нукуса» деген мақаласында айтылады. Онда былай басланады. «Бир бар екен, бир жоқ екен. Нөкис деген қалада Дон Кихот деген адам жасапты. Ол ҳеш ким менен, қараз айдаўшылар менende урыспапты. Оның қурал-жарақларын алып жүрген атқосшысы да болмапты. Мәрт адам (рыцарь) қапалы түрде жүрди. Ол партия ағзасы еди. Ғәрип-қәсерлерге, майып адамларға жай салып берди. Ешейин...»

Еслетип кетемиз: Испанияның уллы жазыўшысы М.Сервантес өзинин бул романының бас қаҳарманы Дон Кихот Ломанчский (1606-1616) деген

идеал мәрт адам (рыцарь) қасына атқосшысы, Санчо-Панчоны ертип, қолына қурал жарақ алып ғәрип-қәсер, жәбир көрген адамларды излеп таўып, күшлилерден, алдаўшылардан, еки жүзлилерден олардың мәпин қорғайды. Ол пүткил өмирин адамгершилик жолына қалыс жумсайды.

Усы жерде айтып кетиў орынлы деймиз. Дон Кихот романын «Нобель» сыйлығы комитети «Дүньяда жазылған әдебий көркем шығарманың ең жоқары шоққысы» деп есаплаған. Бул китапты әсиресе К.Маркс сүйип оқыйтуғын болған.

А.Өтениязов бурыннан ата-бабаларымыздың жас әўладты тәрбиялаўдағы нәсият сөзлерин ядта тутты. «Алладан кейинги қудай өз әкең, әкеңниң айтқанын исле» деген даналық сөзлерге садық болып өсти ҳәм бахытқа еристи.

Алланияз аға, мениң ағама мына гүрриңлерди айтып берген. «2005-жыл сентябрь айының орталары еди. Мир Панаевқа бардым. Ол Қоңыраттағы нефт заводы директоры еди. Бағдың ишин айдап жүрген тракторға салярка керек, соннан жәрдем етсеңиз-дедим.

-Яқшы он тонна салярка беремен. Бийпул. Сизге жәрдемим сол. Бирақ өзиң бензовоз таўып Қоңыраттан алып кет-деди.

-Болады, берекет тапқайсаң. Бензовоз табаман. Қоңсым Мақсет Ешбаевтың бензовозы бар, бәрҳа маған олда жәрдем етип жүр, дедим. Мир маған бастан аяғыма қарап болып, шоферы Ережепти шақырды.

-Мына Алланияз ағаны базарға апарып бир қатар кийим алып кийиндирип алып кел, деп бир пачка пул берди. Базардан 43 мыңға костюм-шалбар, 12 мыңға көйлек, 24 мыңға туфли, 15мыңға қалпақ, еки галстук, кийим щетка алдық. Шалбар узын болды, сол жерде кийим тигиў цехта, қызлар киширейитип берди. Аға, яқ! Сизден пул алмаймыз, дейди-олар. Пәтиямды бердим. Мирдиң кабинетине келдик. Сонда Мир:

-Әне енди қыдырыўға болады аға!-деди. Сизди Ағатай Адилов Тахтакөпирдеги жақында болған қаҳарман сорап атыр. Мине он мың сум Сизди Тахтакөпирге таксиге мингизип қайтады. Соған бүгин барып қайт аға-деди. Яқшы-дедим. Тендердиң баслығы Жолдасқа айттым. Бирге барайық дедим. Екеўимиз бардық. Үйинде қонақлары бар екен. Қушақласып көристик.

-Қарүйгеме я тамғама? –деди. Қарүй болады дедим. Қой сойып күтти. Алдымызға дәслеп үлкен малдың қарнын, туяғын, тилин, бүйрек, баўырын қойды. Сөйлесип отырдық». Тек пахтаның өзинен 200 млн доход алдым. Хожалықты есапқа алып 22 адамға еки қалтадан қалыс бийдай ҳәм 5кг ақ май бердим. Адамлар той берсе сойыслығым жоқ десе, өзим мал беремен, ун, май, қанттан жәрдем етип мерекесин өзим атқарысаман. Хожалыққа төрт трактор, еки комбайын алдым»- деди. Рахмет ол жигитке. Китабың баспадан шықса соған апар, ол ер жигит -деди Аллanияз аға.

Сол жылы сентябрь айында Өзбекстанда биринши болып Нөкис районы пахтаны орынлады. Районға Қарақалпақстан Жоқары Кеңеси баслығы Муса Ерниязов келди. Жыйналыс болды. Мен залда отыр едим Муса мени жоқарыға қасына шақырды. Мағанда сөз берди.

-Алла быйыл елге мол суў берди. Ел басшыларымыздың дурыс басшылығы астында пахтадан үлкен қырман дөретилди. Қарақалпақстан Республикасыда быйыл Өзбекстанда биринши болып пахта тапсырмасын орынлап шығады, деп ойлайман. Кеше Ағатай Адиловқа барып қайттым. Ол өткен жылы 200 млн доход алған. Ғәрип-қәсерлерге, кем тәмийинленген хожалықларына қалыс жәрдем берип атыр. Әне сондай азаматлар бизиң республикамыздың барлық 16 районында бир-екеўден болғай деймен. Президентимиздиң жолы туўры. Оғанда қаҳарман атағын берген. Бул үлкен жетискенлик, дедим. Соннан көп ўақыт өтпей Қарақалпақстан биринши мәрте Өзбекстанда сентябрь айы ишинде пахта тапсырмасын орынлап шықты-деди Аллaнияз аға.

Аллaнияз Өтениязовтың ҳақыйқатлық ушын қалай гүрес жүргизгени туўралы да тоқтап өтемиз.

Алдыңғы бөлимлерде Аллaнияз Өтениязовқа «жай салсаң миллетке салма, адамлардың пулын алып сал» деп оны Нөкис райком ағзасынан шығарып таслағанын оның район басшылары менен де қайыр-сақаўатлық ушын гүрескенин келтирип өткен едик. Хожан аўылдағы мектепти салғанда да пул алмақшы болып келген райфинотделдиң хызметкерлери менен ҳақыйқатлық, инсаныйлық ушын айтқан сөзлеринде келтирип өттик.

Гүз күнлери еди. Азан менен үйге бир ҳаял үш баласын жетелеп кирип келди, деди Аллaнияз аға.

-Гербиш заводта троллейбустың ақырғы остановкасында тураман. Күн-көрисимиз жүдә төмен. Алты ай болды. Күйеўим Қазахстанға талап ислеўге кетти бирақ хабар атар жоқ. Үш күн болды балаларымның аўқат жемегенине. Еки ай болды маканком балаларыма напақа пулды бермей қалды. Ашпыз. Сизди адамларға жәрдем етеди деп еситтик-дейди. Балаларынында, өзининде дурыслы кийими жоқ. Аяқлары жалаң аяқ. Шай бердик. Сүт писип тур еди. Балаларына ҳаялым сүт берди. Мениң қалтамда тек 800 сум бар екен, оны бердим.

-Ертең маканкомыңа барып сөйлесемен. Қайта бериң, дедим. Үйге ҳәкимлерден, басшылардан жети шапан түсип еди. Биреўин қалдырдым. Алты шапанды, бир қаракөл соқпасты бир қалтаға тығып, кемпирге билдирмей жүўериниң ишине кеште қойып келдим. Азанда базардан нан, қант, шай, печенье алып бир қалтаға салып Гербиш  завод поссоветине бардым. Өзин Ғайпжанов деп таныстырды. Сизиң поселкаңызда сондай хожалығы төмен шаңарақ бар екен деп ҳаялдың атын айттым. Соған екеўимиз мына мениң әкелген саўғаларымды берип қайтайық дедим. Үйине бардық. Жағдайы төмен билинип тур. Маканком яқшы жәрдем беремен, мынадай ҳүжжетлеринди алып бар деп ўәде берди. Бул жерде үлкен даў бар екен. Таза маканкомға бурынғы маканком печатын, сейфин бермей, қасына қоллаўшы адамларды ертип даўласып жүр екен. Еки айға шамалас адамларға напақа пулларыда берилмей қалған. Таза маканкомда өзиниң миллетинен изине адамларды ертип тәреп болып бөлинип атырған екен. Жайы болса изейден қулайын деп тур. Айына бир ретте гөш жемейди екен. Әсиресе жас нәрестелердиң көзлери аштан мөлерип тасырайып кеткен. Аяп кетесең. Түни менен баллардың жаўтаңлаған көзлерин еслеп жаталмадым. Ўақыт өте берди. Гербиш заводтағы ўақыя еле шешилмей атыр. Қаланың ҳәкимине барайын дедим. Ҳәким мени қабыл етти. Қала ҳәкими қала мәселесиндеги түсинбеўшиликлер болғанын айтып, енди ҳәммесининде орнына түскенин, ол ҳаялғада жәрдем беретуғынына ўәде етти.

Алланияз ағаның өзинен де еситип едим, деди ағам.

Қоңсым Қурбан ҳәм Жетеслер де айтты. Ертеде Алланияз аға районларда ашылған бир санаторияға путевка алып, дем алыўға барған. Санатория қабыл еткен. Үлкен залда 8-10 адам бирге жатамыз дейди. Түнде

бири қурылдайды, бири ыңырсыйды, уйқым бөлине берди. Бас шыпакерге кирдим. Ири арықлаў жигит екен. Айттым.

-Доктор иним мен Алланияз Өтениязов боламан. Сиз мени танымайтуғын шығарсыз. Ҳүкиметимиз мени ҳүрметлеп «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық муғаллими» деген атақ берип қойыпты. Мағанда сиз аз болсада ҳүрмет етиң. Мени адамлар «комбайын» деп атайды. Қырыққа шамалас адамларға бийпул жай салып бердим. Менинде халыққа хызметлерим бар. Мен 24 күн жатпайман, 12 күн болып кетемен, және Халқабадта бир нагиранға жай салып бериўим керек. Мына аўқатларыңа тоймай атырман. Маған еки порцыдан аўқат берсеңиз. Он адам бир бөлмеде жатамыз. Уйқлай алмай атырман. Маған еки-үш адамлық номерлерден биреўин берсеңиз дедим.

-Бизде ондай номер жоқ. Аўқат ҳәр күни адам санына қарай нормада писириледи,-дейди.

-Жап жас нашарлар, алтын тисли ҳаяллар, еки-үш адамлық номерде жатыр. Сизиң кабинетиңизден шықпайды шықлықлап, солардан ретин тап, бас шыпакерсиз-ғо-? –дедим.

-Басқа орын жоқ. Көнбесеңиз өзиңиз билесиз-дейди. Мен ертеңине санаториядан шығып кетип қалдым. Қатты кеўлиме келди. Нөкиске келип Район ҳәкимине, Минсовезге, Облсовпрофсоюз баслығына ҳәм Қарақалпақстан «Нуранийлер қоры» баслығына төрт жерге хат жаздым. Бир күни Алланияз ағаның үйине скорыйдай машынға минип бир киси келген. Келини Рахима мени шақырды-дейди Құрбан қоңсым. Халқабад жанында «Дослық» фермер хожалығында жай салып атырған атама бул кисини апарып қайтың - деди Рахима. Бас шыпакер қайта-қайта Алланияз ағадан кеширим сорап атыр. Сизге саўғалар алып келдим, деп машынды көрсетти. Алланияз аға яқ кеширмеймен. Саўғанда өзиндики, кетебер, деди. Не қылсын қайтып кетти. Және еки күннен соң сол бас врач «Нуранийлер қоры» баслығын араға салып соның менен бирге келипти.

-Яқшы кеширим берейин, маған үш күн қасымда гербиш қуйып жәрдем етсин. Мына қарнындағы семизлик, менменлик азайсын дедим. Бас шыпакер болса, «жәрдем беременғ, деп атыр. Сөйтип бас шыпакер бир күн гербиш қуйыўға қанша күш кетеди, қандай аўқат жеў керек екенлигин түсинип қайтты-деп Алланияз аға күледи.

Халқымыз таңлаған бурыннан ата-бабаларымыздың жолы мудамы ҳадал мийнет ислеп, қайыр-сақаўатлы, мийрим-шәпәәтли ҳәм киши пейилли болыўға шақырады. Бирақ турмыста усы шақырыққа әмел ислейтуғын адамлар көбинесе түрли қыйыншылықларға ушырасасып турады.

Алланияз Өтениязов еки рет  Қарақалпақстан халық депутатлығына усынылды, екеўиндеде үлкен әмелдар менен түсип, бириси сайлаўшыларға бийпул жем тарқатып, екиншиси гүриш берип өтип кетти.  Сол жөнинде елеге дейин аўыл арасында фольклорге айланып кеткен  қосық қатарлары бар:

Алланияз ағаны салып жарысқа,
Муталипов илип шықты даўыста,
Ислеген ислериң тийер намысқа,
Таўыққа жем болған Қарақалпағым.

Каттаканлар сөй деп еди,
Қылышбайдың гүриши бар,
Алланияз несин береди,
Тек басын төмен алып жүре береди.        Халық қосықлары.

Алланияз ағаның жәмийеттеги ҳәр қыйлы иллетлер бюрократлар, менменлер әдалатсызлықлар менен ҳақыйқатлық ушын қандай қыйыншылықлар болсада гүрес жүргизгенин көрдик.

Алланияз Өтениязов барлық исте де, мийнетте де, ол өзи үлги ислеп көрсетти. Уллы педагоглар бул «тәлим-тәрбияның ең жоқары усылы»- деп айтып өткен педагок.

Алланияз Өтениязовтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери, нешше заманлардан киятырған ислам динимиздеги ҳәм халқымыздың тәрбия жөниндеги үгит-нәсиятларын, оның ҳақыйқат ушын гуресшеңлигин, ҳәзирги дәўирдеги билимлендириў нәтийжесин жетилистириўде әҳмийетли орны бар екенлигине исенемиз.

# Ж У Ў М А Қ Л А Ў

Алланияз Өтениязовтың балалық дәўири елдеги аўыр жағдайға туўры келди. Ҳәмме фронт ушын күн-түн демей жумыс иследи. Әкеси урыста қаза тапқаннан кейин ол жаслайынан аўыр жумыс ислеўге мәжбүр болды. Әке нәсиятына, Аққесек бабаға берген ўәдесине садық болып өсти. Атақ абырайлы болды ҳәм бахытқа еристи.

Алланияз Өтениязов ата-анасын жанындай жақсы көрди, айтқанларын булжытпай орынлады. Онын ата-анаға, туўысқанларына мухаббаты, туўылған жерге, Ўатанға мухаббаты, әсиресе жас балаларға мухаббаты шексиз еди. Оларды ҳүрметледи, ғамхорлық етти. Соларды сүйип жасады.

Алланияз Өтениязов руўхый байлықты, адамгершиликли пазыйлетлерди жоқары орынға қойды. Ол жас әўладты тәрбиялаўда динимиздиң, ата-бабаларымыз дәстүрлеринен, ақыл-нәсиятларынан пайдаланды ҳәм педагокларға усыныс етти. Жас әўладқа тәлим-тәрбия бериўде «Мениң педагогикалық тәжирийбелерим» атлы қол жазба китапшасын жазып қалдырды.

А.Өтениязов ҳақыйқатлық ушын гүрести. Халық ғамын ойламайтуғын басшылар менен қатаң гүрес алып барды.

Президентимиз Ислам Каримовтың «Юксак маънавият енгилмас куч» китабында «М.Беҳудий, Мунавварқорий, А.Авлоний, И.Ибрат, Абдирауф Фитрат, Абдулла Қодирий, Абдулхамид Шолпан, Усман Насыр сыяқлы жүзлеп мағрипетпарўар, пидайы инсанлардың өз жеке мәплери, ҳәзлигинен кешип, ел улыс мәплери, журтымызды раўажландырыў мақсетинде әмелге асырған ийгиликли ислери әўладлар ядынан ҳеш қашан шықпайды» деп көрсеткен еди. Президентимиздиң атап өткен ел-халық азаматларының руўхый дүньясы мәнаўият әлеми оғада күшли еди. Руўхый байлық адамға сондай жеңилмес, таўсылмас күш берип турады. Алланияз Өтениязовта сондай инсанлардың бири деп есаплаўға толық болады.

Сол дәўирде Москвадағы Орайлық газеталардан А.Өтениязовтың мектепте англичан тили муғаллим екенлигин ҳәм мийнет отпускасында қайыр-сақаўатлы ислер ислеп, мүтәж адамларға пулсыз жай салып берип жүргенлиги жөнинде «Правда», «Комсомольская правда» «Семья» газеталарынан материаллар берип турғаннан кейин дүньяның көпшилик

еллеринен оған миннетдаршылық билдирип, Президент, миллионер, мәдeният ҳәм илим ғайраткерлери, дүньяға атағы шыққан чемпион спортсменлер, эстрада жулдызлары, новатор-педагок ҳәм тағы басқа да көп мийнет адамларынан хатлар келди. Биразлары өз хатларында адамгершиликтиң жоқары шыңында деп теңесе, биреўлери Испанияль Дон Кихотқа, биреўлери Грек қаҳарманы Прометейге теңеп хатлар жазды. Ол Қарақалпақстанды, Өзбекстанды дүньяға танытты. Жоқарыдағы мийнетлери ушын А.Өтениязов мәмлекетимиз тәрепинен төмендеги атақлар ҳәм орденлер менен сыйлықланды. Оның мийнети әсиресе елимиздиң ғәрезсизлик жылларында толық баҳаланды.

1960-жылдан баслап 2 рет Өзбекстан республикасы 3 рет Қарақалпақстан республикасы «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықланды,

1985-жылы «Мийнет ветераны»,

1986-жылы «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен муғаллим»,

1990-жылы «СССР Ден-саўлықты сақлаў ағласы»,

1992-жылы Өзбекстан халық оқытыўшысы

1995-жылы «Меҳнат шуҳрати» ордени,

1997-жылы «Жер жүзилик Балалар қоры Мақтаў жарлығы»,

2001-жылы «Өзбекстан Қаҳарманы» жоқары атағына ийе болды.

Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният ҳәм спорт министрлиги ҳәр еки жылда «Алланияз қаҳарман» атындағы гүрес бойынша республикалық жарыслар өткерип турды.

Африкадағы Кения мәмлекетиниң жәмийетлик ғайраткери Вангари Маатаи «Жасыл пояс» ҳәрекетине басшылық етип 25-жылда африка шөлистанларына 20 миллион терек екти. Солай етип шөлден тоғайлықларды сақлап қалды. Оған 2004-жылы Нобель сыйлығы берилди. Барлық жумыслар техникалар (бульдозер, экскаватор, машиналар) жәрдеминде бежерилди. Ислеген ислери ушын Ҳалық-аралық банклерден ҳақысын алып турған.

Дүнья жүзлик рекордлар жазылған Геннис китабында бийпул пайдаланыў ушын Россияда бир адам «Царевы Игор» китапхана, Қытай мәмлекетинде бир бай адам  Макас қаласында үлкен козино салған. Оларда өзиниң қол күши менен емес, техника күшинен пайдаланып, пулын төлеп, төлеген басқаларға салдырған.

Ал Орайлық Азияда, Қарақалпақстанлы Алланияз Өтениязов техникасыз өзиниң мускул етлериндеги қан тамырларынан шыққан қара тери менен мийнет етип 960 мың гербиш қуйды, ҳалық ийгилиги ушын 42 жай салып берди. Ҳәммесин ешейин иследи. Оның ислеген ислерин тири ўақтында ҳүжжетлестирип тийисли органларға жибергенде мүмкин ол да, ҳалық-аралық сыйлықларды алған болар еди, деген ойда боласаң.

Алланияз Өтениязов педагогикада мийнет тәрбиясына үлкен кеўил бөлди. Адам мийнети арқалы бахытқа ерисетуғынлығын өз турмыс тәжирийбесинде дәлийлледи ҳәм қолдан келгенше жас әўладты да соған үйретти.

Алланияз Өтениязовтың бул педагогикалық мийнетлери ҳәм қайыр-сақаўатлық ислери жас әўладты тәрбиялаўда үлкен үлес қосады деп исенемиз.

## Пайдаланған әдебиятлар дизимлери


1. Каримов И.А. «Юксак маьнавият – енгилмас куч»
Тошкент- «Маьнавият» 2008ж.

2. И.Каримов. «Баркамол авлод келажагимиз таянчи».

3. В.А.Крутецкий. « Психология». Нөкис «Билим».1991ж.

4. Ө.Әлеўов, Т.Өтебаев. «Қарақалпақстанда педагогика илиминиң раўажланыўы ҳәм қәлиплесиўи». (Оқыў қолланба) Ташкент- 2007ж.

5.Ө.Әлеўов. «Мухаммед пайғамбар алайхиссаламныңтәлим-тәрбиялық ой-пикирлери»

6. В. Сухомлинский. «Болаларга жоним фидо». Тошкент. Ўқитиувчи». 1984ж.

7. В.Сухомлинский. «Павлыш орта мектеби» «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1984ж.

8.«Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы. 2006ж.

9.И. Сулайманов. «Замонамиз ҳатомтайи». Тошкент. «Шарқ». 2002ж.

10. А.Өтениязов «Мениң педагогикалық тәжирийбелерим» қол жазба.

11. Кеўли нурға толы инсан.Плакат. Қарақалпақстан 1992-жыл

12. Қурани карим.

13.Исмайыл Бухарий. Хадис.

14.Интернеттен www.google.ru.



Нөкис қаласы «Сақаўат» фермер хожалығы (Әжинияз Алланиязов) тәрепинен жәрдемлер көрсетилди. Автор оларға өз миннетдаршылығын билдиреди.

# МАЗМУНЫ

1.Кирисиў.

2.Алланияз Өтениязовтың өмири ҳәм педагогикалық хызмети.

3.Алланияз Өтениязовтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери.

4.Алланияз Өтениязовтың адамгершиликке толы қаҳарманлық мийнетлери.

5. Алланияз Өтениязовтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлериниң ҳәзирги дәўирдеги билимлендириў нәтийжелилигин жетилистириўдеги әҳмийети.

6. Жуўмақлаў